

Wason
PL5179
L86
v. 2

ASIA


Wason
PL 5179
L 86
v. 2

CORNELL
UNIVERSITY
LIBRARY



Serie No. 282a

f 0.50



BATAVIA-CENTRUM

Serie No. 282a

LELAKONÉ SI KENTOES

ANGGITANÉ

C. COLLODI

SING ANDJAWAKAKÉ

SOEHARDA

(Balé Poestaka)

NGANGGO GAMBAR

DJILID II



Cornell University Library
PL 5179.L86
v.2

Lelakoné si Kentoes /



3 1924 023 397 015

ech

Lelakoné, Carlo

BALÉ POESTAKA — 1932 — BATAVIA-CENTRUM

by

Wain
PL 5179
L86
v. 2

***Wewenangipoen ingkang ngarang kaajoman mitoeroet
Angger ingkang kapatjak ing Staatsblad 1912 No. 600***

W. P. J. J.

XXI. KENTŲES DIEKON TOENGGOE KANDANG PITIK.

Si Kentoes atiné soesah banget. Moela bandjoer nangis bengok-bengok, toeloeng-toeloeng. Nanging ora ana sing noeloengi. Kiwa tengené kono ora ana omahé, sanadjan ana, panggonané adoh banget. Wong liwat ija ora ana sidji-sidjia.

Đek samana wis boebar wajah soeroep srengéngé, saja soewé saja peteng.

Kebonané njenjet, sepi ora ana swara, toer peteng. Kentoes rada wedi. Karo manèh sikilé sing kena pasangan, rasané kaja toegel-toegela. Larané ora karoewan, nganti Kentoes arep soemapoet.

Doemadakan ana konang kelip-kelip marani. Kentoes bandjoer tjalaŲoe:

— „É, konang, akoe toeloengana, sikilkoe kedjepit pasangan, larané ora djamak!”

Konang welas, weroeh si Kentoes maoe. Takon:

— „Kowé kok nganti kedjepit pasangan maoe keprijé, ta?”

— „Akoé maoe sirkoe arep golèk téla gantoeng”

— „Apa téla gantoeng koewi doewèkmoe, ta?”

— „Doedoe”

— „Kok arep kokoendoeh?”

— „Wong wetengkoe loewél!”

— „Loewé ija loewé, nanging amèk doewèké wong lija koewi djenengé njolong. Ija apa ora?”

— „Akoé wis kapok, wis ora arep manèh-manèh!”

Lagi tekan samono, ana kresek-kresek soewarané wong mlakoe. Ija ikoe sing doewé kebon, arep niliki pasangané, manawa ana loewak sing kena pasangan. Bareng weroeh pasangané, sing doewé kebon maoe kagèt banget: doedoe loewak, nanging botjah. TjalaŲoe karo nepsoe:


— „Nah, maling tjilik, ketjekel kowé saiki! Iki sing gawéné njolongi pitikkoe!”

Kentoes mangsoeli karo nangis:

— „Boten, koela boten mandoeng ajam! Tijang koela namoeng badé metik téla gantoeng!”

— „Ah, angger wani njolong téla gantoeng, wis mesti wani maling pitik. Titènana waé, kowé mesti takadjar sing nganti ora lali sadjegmoe oerip.”

Pasangané bandjoer dioetjoeli. Kentoes ditjandak goeloené, di-tjengkiwing, digawa moelih. Bareng tekan régolé omahé, Kentoes dibroekaké ing lemah karo diidak tjengelé.



„Mengko bengi jèn oedan kowé mleboea kandang asoe kono”

— „Saiki wis kewengèn, akoe wis ngantoe. Sésoek waé titènana! Wingi asoekoe mati, kebeneran kowé dadi soelihé.”

Kentoes bandjoer dikaloengi ranté goeloené kaja asoe, nganti mèh ora bisa méngo. Poetjoeké ranté ditalèkaké olèh tjagak. Noeli tjalafoe:

— „Mengko bengi jèn oedan, kowé mleboea kandang asoe kono. Kono wis ana daminé, isih anjar, lagi 4 taoen lawasé. Karo jèn ana maling, kowé koedoe ndjegoeg, ngretil!”

Sawisé mangkono, wong tani maoe bandjoer mleboe ngomah, lawangé teroes dikantjingi. Si Kentoes kari idjèn, awaké gemeter sabab wedi toer wetengé loewé. Sarta dèk nalika ikoe adem ba-

nget. Kala-kala nggrajangi ranté sing ndjiret goeloené ikoe. Kentoes noetoeah awaké déwé karo nangis:

— „Ija iki, kaja ngéné iki opahé! Oepama akoe ora kesèd, oepama akoe ora nggoegoe kanḍané kantja-kantjakoe, mesti ora kaja ngéné iki! Jèn akoe bijèn kaé toememen olèhkoe sekolah, oetawa oepama akoe ora loenga saka ngomah, mesti akoe ora di-tjantjang kaja asoe ngéné iki Ah, barang wis kebandjoer”

Sawisé noetoeah awaké déwé mangkono maoe, bandjoer mbloedoes mleboe ing kanḍang asoe, teroes toeroe.

XXII. KENTOES KETEMOE KARO SING MALING PITIK.

Olèhé toeroe Kentoes lagi sawatara. Bareng tengah wengi ngililir, kroengoe ana swara bisik-bisik. Kentoes ngingoek metoe, weroeh ana ireng-ireng, tjatjahé papat, ana ing ngisor pager. Roepané kaja koetjing, nanging satemené loewak. Ija ikoe loewak sing gawéné mangani pitik oetawa endog kaé. Loewak maoe sing sidji bandjoer marani menjang kanḍang asoe, panggonané Kentoes karo ngoendang bisik-bisik:

— „Kemis, Kemis!”

Kentoes mangsoeli:

— „Akoedoe doedoe Kemis!”

— „Lo, kowé sapa?”

— „Djenengkoe Kentoes!”

— „Kok ana kono.”

— „Akoedie toenggoe ana kéné!”

— „La si Kemis asoe sing toewa, sing gawéné ana kéné kaé, saiki ana ngendi?”

— „Wis mati, lagi wingi!”

— „Mati? Mesakaké temen! Mangka atiné betjik banget! Nanging jèn mirid roepamoe kowé koewi ija asoe sing betjik!”


— „Hoes, akoe iki doedoe asoe!”

— „La kowé koewi apa?”

— „Akoed golèk!”

— „Kok ana ing djero kanḍang asoe?”

- „Akoë dioekoem ana kéné!”
- „Stt, kowé arep takadjak sekoetoe, kaja si Kemis sing wis mati kaé, kowé wis mesti maetoké, ta wis!”
- „Apa ta?”
- „Ngono, ja! Seminggoe sapisan akoë teka kéné, preloené njolong pitik 8. Sing 7 takpangan sakantjakoe, sing sidji kowé. Nanging kowé koedoe api-api ora kroengoe, adja ndjegoe oetawa alok barang.”



„Sst, kowé arep takadjak sekoetoe”

- „Apa Kemis bijèn gawéné ija ngonol!”
- „Ija, bijèn Kemis noeroet baé, ora taoe njoelajani. Wis, ta, kowé toeroea waé sing pénak. Pestèkna waé, sésoek ésoek mesti tak adepit pitik sing lemoe dèwé, wis resik tanpa ana woeloené, kena kokanggo sarapan. Keprijé, gelem ora?”
- „Kok énak ja. Ija, ija wis!”
- Nanging satemené ing batin Kentoes moeni mengkéné:
- „Titènana waé mengkol!”

Loewak papat maoe pangirané wis ora ana bebaja apa-apa. Bandjoer teroes menjang kandang pitik sing panggonané djèdjèr karo kandang asoe maoe. Kantjingané lawang kandang pitik noeli dikrikiti, ora soewé lawangé menga. Bareng loewak papat pisan wis pada mleboe kabèh, djekrèk, lawangé mineb manèh. Sing nginebaké lawang maoe si Kentoes. Ora moeng ditoetoep waé lawangé, nanging isih nganggo digandjel watoe gedé, soepaja loewaké ora bisa oetjoel.

Sawisé mangkono, Kentoes bandjoer djoegoeg, ora béda karo asoe: „hoek, hoek, hoek!”

Pak tani kroengoe djegoeg maoe tangi njandak bedil teroes mboekak lawang karo takon.

— „Ana apa?”

Kentoes mangsoeli.

— „Wonten pandoeng!”

— „Endi malingé!”

— „Wonten nglebet kandang ajam!”

— „Mengko disik, akoe noeli teka!”

Ora soewé pak tani metoe, bandjoer marani kandang pitik. Loewaké ditjekel, dilebokaké ing djero karoeng, bandjoer karoengé ditalèni kentjeng karo tjalaŕoe gijak-gijak:

„Ketjekel ora, kowé saiki. Akoe ija bisa matèni kowé, ngrangkèt kowé sing nganti kapok kaé! Nanging apa preloené, akoe ora boŕo! Sésoek waé takgawa menjang panggonané wong maroeng kidoel kono koewé, kowé mesti bandjoer didèndèng, disoegoehaké wong sing pada ngiras. Jèn pantjèna mono, iwakmoe didèndèng koewi, toemrap marang kowé, djenengé moenggah dradjaté. Nanging akoe iki wong betjik banget, moela ija wis tjikbèn waé.”

Sawisé tjalaŕoe mangkono, pak tani noeli marani Kentoes. Pak tani ketara jèn atiné boengah banget, Kentoes dieloes-eloes goendoele, karo ditakoni:

— „Kowé kok dadi bisa njekel maling sing sok njolongi pitikkoe koewi, keprijé maoené? Mangka djenaté si Kemis kaé ora taoe we-roeh, njatané bijèn ora taoe ndjegoeg?”

Pantjèna si Kentoes ija kepéngin ngandakaké alané si Kemis anggoné tansah ngapoesi bendarané. Nanging batiné:

— „Ah, preloené apa, njatoer ala wong sing wis mati

Mati ija wis bèn mati moeng kéné adja nganti njatoer alal!"

Kenṭoes ora mangsoeli barang-barang. Pak tani takon manèh:

— „Dèk loewak iki tekan kéné, kowé apa lagi toeroe, apa melèk?"

— „Koela saweg tilem, nanging sareng wonten soewanten kloetek-kloetek, koela ladjeng nglilir. Loewak ingkang satoenggal moerogi koela, witjanten: „Kowé adja ndjagoeg ija, mengko taktjepaki ingkoeng pitik sidji!" Kados poendi, jèn ngaten poenika, poenapa boten koerangadjar namanipoen? Leres, koela poenika roepi golèk, oetawi kataba awon koela! Nanging jèn dipoen poerih sekongkel kalijan bangsat, poenapa déné dipoen poerih toemoet nedha barang pandoengan, boten, koela meksa boten poeroen, sanadjan étjaa kados poenapa!"

— „Bener koewil Bagoes banget atimoe! Moelané akoe boengah banget! Saka boengah-boengahkoe, kowé takloewari saiki. Wis kana, moeliha!"

Pak tani bandjoer ngoetjoeli wesi sing dienggo ngranté Kenṭoes,

XXIII. KENṬOES NGGOLÈKI BAPAKNÉ.

Kenṭoes atiné boengah banget. Bareng ranténé wis dioetjoeli, bandjoer brabat, mlajoe anggeblas, karo loendjak-loendjak mloempat-mloempat. Olèhé mlajoe ora lèrèn-lèrèn nganti tekan ing dalan sing menjang omahé poetri peri bijèn kaé.

Bareng tekan ing dalan, Kenṭoes mandeg karo ngingetaké ngiwa nengen. Alasé ija katon, dèk dèwèké ketemoe karo asoe adjag lan koetjing kaé ija ana ing alas kono koewi. Kajoe gedé, panggonané Kenṭoes nalika digantoeng, ija katon. Nanging sing digolèki, ija ikoe omahé poetri peri, ora ana. Kenṭoes olèhé nggolèki, matané dielèk-elèkaké meksa ora katon.

Atiné deg-degan. Kenṭoes mlakoe manèh gegantjangan. Ora soewé tekan papan mloewa, sing dèk bijèn prenah panggonané omahé poetri peri kaé. Omahé wis ora ana tabeté babar pisan. Nanging ing kono ana koeboerané nganggo kidjing, sing ditoelisi oeniné mangkéné:

Ing kéné

koeboéré poetri peri

ngadjalé sabab sedih
ditinggal
adiné si Kentoes.

Sawisé diédja, Kentoes ngreti soerasané. Kentoes teroes ambroek ndjoengkel ana ing kidjing kono, karo nangis. Olèhé nangis sawengi moepoet, nganti awan ija isih nangis. Panangisé seroe nganti kroengoe kiwa tengen kono, ngoemandang ana ing poentoe-k-poe-toek sing ora adoh saka kono. Tangisé Kentoes:

— „O, keprijé, peri, kowé kok mati tenan! Kok doedoe akoe sing mati, bok akoe waé sing mati Bapak ana ngendi, ana ngendi? Ana ngendi, bakjoe, bapakkoe endi? Akoe arep mèloe bapak! Ora bakal loenga-loenga manèh!

..... Bakjoe peri, kowé rak ora mati tenan, ta?
..... Rak ora mati, ta! Hiiiiii, apa kowé ora mesakaké akoe, akoe idjèèn! Mengko bangsat-bangsak pada teka, akoe ndjoet digantoeng manèh! ndjoet akoe mati tenan! Keprijé iki? Bapak ora ana, kowé ora ana! Sing mènèhi pangan akoe sapa? Akoe toeroe ngendi jèn bengi? Bok akoe mati waé sisan, wis genah! Hi, hi, hiiiiii!

Saking sedihé, ramboeté kaja arep didjebol-djebola. Nanging ramboeté sing dianggo kajoe, dadi ija ora gampang djebolé.

Doemadakan ana manoeek dara lagi maboer ana ing doewoeré, aroeh-aroe:

— „É, goes, kowé lagi apa?”

Kroengoe soewara maoe, Kentoes ngingetaké mandoewoer, karo ngoesapi eloehé. Wangsoelané rada nepsoe:

— „Kowé apa ora weroeh? Akoe iki lagi nangis.”

Manoeek dara pitakon manèh:

— „Anoe, apa kowé weroeh golèk sing djenengé Kentoes.”

— „Sapa? Kentoes? Ija akoe iki sing djenengé Kentoes!”

Manoeek dara noeli moedoen njedaki. Dara maoe gedéné ngoengkoeli pitik tlekoen. Manoeek pitakon:

— „Dadi kowé ija mesti wis wanoeh karo sing karan pak Domblé?”

Kentoes kagèt, kroengoe djenengé pak Domblé.

— „Pak Domblé? Wis mesti wanoeh, toer banget! Ija koewi

bapakkoe! Ora, olèhmoe weroeh ana ngendi? Apa, apa bapak ija isih oerip? Saiki ana ngendi

— „Wis teloeng dina iki akoe weroeh pak Domblé ana ing pinggir sagara.”

— „Lagi apa, lagi apa!”

— „Lagi gawé praoe tjilik, arep dianggo njabrang sagara. Olèhé ndjadjah bapakmoe wis ana 4 sasi, nggolèki kowé. Nanging ora ketemoe, moelané arep digolèki menjang tanah sabrang.”

Kenṭoes takon:

— „Pira dohé saka kéné menjang pinggir sagara?”

— „Koerang loewih ana sèwoe pal.”

— „Sèwoe pal? O, manoe kaja, mbok akoe iki doewé elar kaja kowé ngonol!

— „Akoe rak ija bisa nggawa kowé, jèn kowé gelem.”

— „Keprijé rekané?”

— „Kowé noengganga gigirkoe kéné. Kowé abot apa èntèng?”

— „Akoe iki èntèng banget, kaja kapoek waé!”

Kenṭoes ora sranta, bandjoer noenggang gegeré manoe kaja, kaja wong noenggang djaran kaé, ngetapel karo moeni:

— „Hrrr, kk, kkl! ajo, adja soewé-soewé!”

Manoe kaja noeli maboer. Ora soewé mèh tekan panggonan méga. Nalika ikoe Kenṭoes kepéngin ndeleng mangisor, nanging saka doewoeré singoenen. Samar manawa tiba, bandjoer agé-agé ngrangkoel goeloené manoe kaja maoe.

Olèhé maboer sadina moepoet. Bareng ngarepaké soeroep srengéngé, manoe kaja tjalaṭoe:

— „Akoe ngelak banget!”

Kenṭoes njamboengi:

— „La, wetengkoe loewé banget!”

— „Nah, kaé ana pagoepon! Ajo, lèrèn sadéla waé. Mengko maboer manèh. Sésoek ésoek rak tekan pinggir pasisir.”

Ora soewé pada tekan ing pagoepon kaja ikoe. Pagoepon maoe wis soewoeng. Ing kono ora ana barang-barang, kadjaba moeng banjoer ana ing tjoewo karo katjang idjo sabaṭok.

Djaréné Kenṭoes, dèk bijèn awaké koewi ora taoe mangan katjang idjo, weroeh waé wis moetah-moetah. Éwadéné nalika ikoe olèhé mangan sengkoet, nganti sabaṭok entèk goesis. Bareng wis bandjoer tjalaṭoe:



Manoek dara noeli maboer.

— „Akoe maoené ora ngira jèn katjang idjo koewi ija énak banget!”

Manoek dara mangsoeli:

— „Pantjèn bener kandamoe koewi, Toes! Wong loewé koewi ora mbalèkaké barang-barang. Sanadjan katjang mentah ija enak. Loewé ikoe lawoeh sing peng-pengan dèwé!”

Sawisé lèrèn sawatara, bandjoer mangkat manèh. Esoeké tekan pinggir sagara.

Kentoes dioedoenaké, manoek dara sawisé ngoedoenaké Kentoes, toemoeli loenga waé, sabab ora gelem diwènèhi tarima kasih. Manoek dara teroes loenga bablas, ora soewé wis ora katon.

Ing pasisir kono akèh wongé, pađa alok-alok karo toeding-toeding menjang sagara.

Kentoes takon karo nini-nini:

— „Ni, ana ngapa ta iki?”

— „Kaé lo, ana wong toewa, djaréné kélangan anak. Anaké moeng sidji. Digolèki menjang ngendi-endi ora ketemoe, saiki arep digolèki menjang tanah sabrang. Nanging moeng noenggang praoe tjilik waé. Saikiné ombaké gedé. La, la kaé, praoené arep kè-rem

— „Praoené endi, ni!”

— „Kaé, lo, kaé!”

Nini-nini maoe karo noedingi praoe sing katon ketip-ketip ana ing tengah sagara, wongé sing noenggangi mèh ora tjèta roepané.

Kentoes ija weroeh praoe tjilik maoe. Bareng saja tjèta pandelengé, dèwèké mbengok karo nangis:

— „Bapaaaak, kaé bapaaaak!”

Nalika samana praoe maoe di ontjlang aloen, moenggah moedoen. Tjat katon ana ing poetjoeking ombak, tjat ora. Kentoes ngadeg ana ing doewoer watoe karang gedé, karo oendang-oendang: „Paaaak! Paaaaaak!” karo awé-awé nganggo topiné, tangané sawéjan.

Roepané pak Domblé sing ana ing tengah sagara ikoe ija ora pangling marang anaké. Marga dèwèké ija katon ngawé-awé nganggo tjapingé sarta awèh weroeh, oega kepéngin bisaa tekan pinggir. Nanging keprijé? Sagarané moempal-moempal kaja mangkonol

Doemadakan ana ombak sing doewoer banget, praoené katoet,

teroes keblebeg, moesna. Wong-wong sing pada ndeleng ana ing pasisir maoe pada ngentèni, bokmanawa praoené mantjoengoel manèh. Nanging ora, praoené teroes ilang. Sing pada meroehi maoe pada moeni:



„Pak, taktoeloengi!”

— „Ah, welas temen akoe!”

Ana manèh sing bandjoer sembahjang, ana sing ngoetjap: „Inna'llilahi, wa inna'llilahi rodjioen!” sarta bandjoer pada klendèh-klendèh moelih.

Doemadakan ana soewara ndjerit. Bareng wong-wong maoe mé-

ngo, weroeh Kentoes lagi ambjoer saka ing doewoer karang, karo mdjerit:

— „Pak, taktoeloengil

Kentoes ikoe awaké sing dianggo kajoe, moelané ija ora kesilep, koemambang waé. Dasar ija prigel nglangi. Kala-kala sok katon katoet aloen, bandjoer ngilang manèh. Goendoelé sok tjoengoel-tjoengoel, sok moeng tangané sing katon srawéjan. Saja soewé saja adoh saka pasisir.

Wong-wong sing weroeh, pada njeboet:

— „O, kok ija mesakaké temen.”

Bandjoer pada moelih, semoené pada soesah.

XXIV. KENTOES KETEMOE MANÈH KARO POETRI PERI.

Kentoes olèhé nglangi ana ing sagara sawengi moepoet. Dèwèké doewé pangarep-arep bisa ketemoe karo bapakné.

Nalikané Kentoes nglangi ana ing tengah sagara maoe, petengé ndedet. Langité katoetoeapan mençoeng, oedané nganggo prahara, gloedoegé goemleger tanpa kndat.

Bareng wajah ésoek, anginé rada menda, langité wis resik. Srengéngéné katon djoemedoel saka ing sagara ana ing kéblat wétan. Ing kadohan katon ana ireng-ireng ngrenggoenoek, roepané kaja poelo.

Kentoes diepeng olèhé nglangi, soepaja agé-agé tekana poelo maoe. Nanging tanpa goena, djalaran aloené isih ngombak-ombak. Angger Kentoes wis rada tjedak, dibalèkaké manèh.

Doemadakan ana aloen gedé! Kentoes katoet, dioemboelaké, weroeh-weroeh wis tiba ana ing gisikané poelo maoe. Olèhé tiba rada kanteb, nganti baloengé kemrepjek kabèh, nanging batiné:

— „Ija wis tjikbèn, nanging akoe saiki wis ana pentasan.”

Srengéngéné nalika samono saja doewoer. Sagarané mari ngombak-ombak kaja maoe.

Kentoes bandjoer tjoetjoel, sandangané diepé soepaja garing. Dèwèké ndeleng ngiwa nengen bokmanawa ana praoe tjilik sing ana wongé. Nanging ora ana barang-barang. Anané moeng langit karo banjoe. Ing kadohan ija ana praoe tjilik, nanging praoe lajar, katoné ketip-ketip satengoe-tengoe gedéné.

Kenṭoes tjalaṭoe dèwèkan:

— „Bok akoe weroeh djenengé poelo iki, ija! Iki apa ana wongé apa ora, jèn ana apa wong betjik-betjik, apa wong ala, tegesé: apa wongé sing sok njekeli botjah tjilik bandjoer digantoeng ing wit-witan kaé? Nanging sing taktakoni sapa? Wong ora ana manoengsa sidji-sidjia ngéné, keprijé?”

Sarèhné roemangsa kaidjènen ana ing poelo maoe, moela atiné Kenṭoes soesah banget, kaya arep nangis-nangisa. Doemadakan weroeh ana iwak gedé lagi nglangi ana ing pinggir, menṭongol, endasé lan awaké katon kabèh.

Kenṭoes ora weroeh djenengé iwak maoe, moelané olèhé takon:

— „È, goes iwaak, akoe arep takon sadéla waé!”

Iwak maoe roepané betjik banget atiné, mangsoeli:

— „Ija, ana apa?”

— „Akoe wèhana weroeh, apa kéné iki ija nagara, apa ija ana wongé sing kena didjaloeki mangan, nanging ora genti mangan?”

— „Ana pisan! Malah ora adoh saka kéné!”

— „Dalané metoe ngendi?”

— „Dalan tjilik kiwamoe koewi toeroeten waé. Jèn mlakoe si-rahmoe méngoa menjang boeri waé, tjikbèn adja bingoeng.”

— „Ija! O, ana manèh sing taktakokaké! Kowé koewi sabamoe moeng ana sagara waé, apa kowé ora kepeṭoek karo bapakkoe noenggang praoe tjiliki!”

— „Bapakmoe sapa, tal!”

— „Bapakkoe koewi moeng sidji, sadjagat ora ana sing maḍanil Akoe iki anaké, moersal banget!”

— „O, kaé! Ija, dèk maoe bengi ketempoeh prahara gedé, praoe-né kèrem!”

— „Bapak ndjoet keprijé?”

— „Bapakmoe bandjoer ditjaplok iwak lodan gedéné nggegirisi, saiki lagi saba ana in kiwa tengen kéné, nijaté apa sing katon moeng arep ditjaploki waé.”

Kenṭoes wedi banget, kroengoe tjaritané iwak maoe, tjalaṭoe karo ngoplok:

— „Apa iwak lodan koewi gedé banget?”

— „Wé la, gedéné ora karoewan! Gampangé waé, lagi tjangkémé toṭok waé gedéné wis paḍa karo omah djoglo, jèn mangap, bok gerbong sepoer ija kleboel!”

— „Wé, doebilahl!”

Kentoes kagèt banget, agé-agé nganggo sandangané, bandjoer pamitan:

— „Wis ja, iwak! Adja dadi atimoe olèhkoe ngroesoehi kowé iki! Lan akoe tarima kasih banget anggonmoe wis awèh sesoe-roepan.”

Kentoes noeli bablas rerikatan noeroet dalan tjilik sing dikan-dakaké iwak maoe, malah kaja mlajoe-mlajoea. Angger ana kresek satitik waé, bandjoer kagèt méngo, wedi manawa ditoetoeti iwak lodan sing djaréné bisa ngoental gerbong sepoer maoe.

Bareng wis olèh satengah djam, Kentoes tekan ing désa. Loe-roeng-loeroengé kebak wong pađa njamboetgawé. Ora ana sing nganggoer sidji-sidjia, kabèh pađa doewé pagawèjan dèwé-dèwé. Sanadjan digolèkana nganti ndjlimet, ora nemoe wong sing tēngoek-tēngoek; sing ala ja ora ana.

Kentoes ikoe mangka botjah kesèd, batiné:

— „Ana ing kéné iki doedoe panggonankoel! Akoe iki dititahaké ana ing alam donja ora diekon njamboetgawé.”

Nanging nalika ikoe Kentoes loewé banget wetengé. Wis sadina sawengi ora kambon pangan, sanadjan katjang idjo pisan, oega ora. Atiné kèwoehan. Poengkasané akalé moeng warna loro: sapisan ndjaloek panggawéan, kapindoné ndjaloek doewit oetawa ndjaloek sega.

Kentoes satemené rada isin jèn diekon ngemis. Bapakné wis taoe ngandani, wong sing ngemis ikoe moeng wong toewa oetawa wong sing tjatjad. Sing wadajib diwelasi ikoe dadi moeng wong sing djal-laran wis toewa oetawa doewé tjatjad nganti ora bisa njamboet-gawé maoe. Déné sing waras oetawa enom ikoe wadjabé koedoe njamboetgawé. Manawa ora gelem, ija tjikbèn mati kaliren.

Ing nalika ikoe ana wong liwat. Kringeté dalèwèran, ambekané menggèh-menggèh djalaran nggèrèd grobag kebak areng moen-djoeng-moendjoeng, mangka tanpa réwang.

Kentoes wis ngira jèn wong maoe betjik atiné. Diparani, karo toemoengkoel rainé, ngetoengaké tangané. Tjalaŋoené:

— „Njoewoen paring arta sakelop kémawon. Paďaran koela loe-wé sanget!”

Toekang grobag mangsoeli:

— „Ora moeng sakelop waé, nanging rong ketip pisan takwènèhi, anggeré kowé gelem ngréwangi ngoesoeng areng iki!”

Kenṭoes nesoe, tjalaṭoené:

— „Lo, goemoen koela! Koela poenika dèrèng naté dados kéwan momotan, dèrèng naté nggèrèd grobag!”

— „La ija jèn mengkono malah kebeneran, ta! Nanging, goes, jèn kowé loewé, ja mangana koemakimoe baé, anaa rong tjoewil, adja nganti koewaregen!”



„Ngombéa, lé, enja ngombéa!”

Ora soewé ana toekang batoe liwat, lagi manggoel èmbèr isi gamping. Kenṭoes tjalaṭoe:

— „Prijantoen, bok welas datang laré ingkang kaliren poenika! Njoewoen paring arta 5 sèn kémawon.”

Toekang batoe mangsoeli:

— „Ija, takwènèhi, nanging akoe toeloeng gawakna èmbèrkoe iki! Adja sing moeng 5 sèn, satali pisan ta wis.”

— „Tijang èmbèripen awrat makaten! Mangka koela poenika soetik rekaos.”

— „Jèn kowé soetik rekasa, ija wis angopa waé. Karia slamet!”

Ora ana satengah djam sing liwat wis ana wong rong poeloeh.

Si Kenṭoes II

2

Kabèh maoe diemisi doewit marang Kentoes, nanging wangsoelané:
 — „Botjah ora idèp isin! Tinimbang kowé moeng kloejar-kloe-
 joer ngono koewi, bok ija njamboet gawé, sinaoe golèk pangan
 déwél”

Wekasan ana wong wadon isih enom liwat. Wong wadon maoe
 nggawa klentjng loro. Kentoes ngelak banget, noeli nemboeng:

— „Jèn kapareng, koela badé njoewoen ngombé tojanipoen sa-
 kedik kémawon.”

Wangsoelané:

— „Ngombéa, lé, enja ngombéal”

Wong wadon maoe karo njèlèhaké klentjngé. Kentoes olèhé
 ngombé nganti wareg; bareng wis tjalaŕoe karo ngoesapi tjangkemé:

— „Saiki ngorongkoe wis mari, nanging wetengkoe kok isih
 loewé. Ngéné iki ana sega ngono, saiba énaké, jal”

Bareng wong wadon maoe kroengoe tjalaŕoené Kentoes, noeli
 mangsoeli:

— „Jèn kowé gelem nggawakaké klentjngkoe sing sidji iki nganti
 tekan omahkoe, mengko takwènèhi sega sapiring!”

Kentoes ngingetaké klentjngé, ora mangsoeli apa-apa.

Wong wadon maoe tjalaŕoe manèh:

— „Segané nganggo lawoeh iwak terik karo djangan lodèh.”

Kentoes isih ngingetaké klentjng, karo meneng waé.

— „Jèn wis mangan, ndjoer takwènèhi djeroek keprok.”

Bareng Kentoes kroengoe temboeng djeroek keprok, ora bisa
 ngamped manèh, tjalaŕoe:

— „Inggih, sampoen koela bektané.”

Klentjngé abot. Kentoes ora koewat, disoenggi waé.

Bareng tekan omahé wong wadon maoe si Kentoes bandjoer di-
 kon linggih ana ing ambèn, karo diaŕepi sega sarta lawoehané.
 Kentoes olèhé mangan ngangsa-angsa banget, nganti kaja wong
 sing kaliren wis 5 sasi.

Sawisé rada wareg, ndengèngèk arep awèh tarima kasih marang
 wong wadon sing mbetjiki awaké maoe. Nanging doemadakan ka-
 gèt, karo moeni: „Oooooo!” Kentoes saking kagèté nganti meneng
 kaja toenggak ora obah, tangané isih njekel djeroek, tjangkemé
 mlongo kebak panganan.

Wong wadon pitakon:

— „Ana apa kowé kok kagèt?”

Kentoes mangsoeli pedot-pedot:

— „Anoe, tijang sampéjan sami kalijan Nah, kemoetan koela mripaté ramboeté inggih, pandjenengan kok sami O, allaah, bakjoe periii! bakjoe peril sampéjan rak inggih bakjoe koela sajektos ta? Bakjoe peri, koela kala anoe nangisl”

Kentoes bandjoer ambroek ana ing pangkoné.

XXV. KENTOES SAGOEH MARENI OLEHÉ NAKAL.

Sakawit wong wadon maoe ora gelem ngakoe jèn poetri peri, nanging réhné wis konangan, moelané ija bandjoer blaka waé.

— „Keprijé, Toes, kowé kok weroeh?”

— „Koela boten pangling. Panglinga tijangé, manah koela boten pangling.”

— „Saiki akoe wis toewa, wis patoet jèn dadi iboemoel!”

Kentoes mangsoeli boengah:

— „Nah, inggih, saniki koela jèn njeboet sampéjan boten, „bakjoe”, nanging „iboe?”. Pantjèn empoen dangoe koela kepéngin gadah iboe, kados limrahé laré-laré nika! Nanging napa sababé sampéjan kok ladjeng énggal sepoe nikoe?”

— „Koewi ana wadiné!”

— „Bok koela njoewoen wadosé. Koela kepéngin dados laré ageng. Tjobi ta, koela rak namoeng ngaten mawon wiwit lair!”

Poetri peri mangsoeli:

— „Wong kowé koewi pantjèn wis ora bisa moendak gedé!”

— „Sabab napa boten saged?”

— „Sabab golèk ikoe ora bisa moendak gedé. Dilairaké dadi golèk, matiné ija isih dadi golèk.”

Kentoes koekoer-koekoer goendoelé:

— „Koela empoen bosen dados golèk, empoen wantjiné saniki koela dados laré kados limrahé laré-laré nika!”

— „Kowé bésoek rak ija dadi oewong, anggeré kokpredi dèwé!”

— „Napa inggih? La, dospoendi akal koela?”

— „Gampang koewi, anggeré awakmoe dèwé kokparsoedi kaja loemrahé botjah betjik.”

— „Napa koela dédé laré saé?”

— Babar pisan doedoel! Jèn botjah betjik ikoe rak ija nggoe-goe menjang wong toewa, balik kowé”

- „Koela boten nggegal!”
- „Jèn botjah betjik rak seneng sinaoe lan seneng njamboet gawé, balik kowé
- „Koela empoen sataoen mblajang mawon!”
- „Jèn botjah betjik rak ora taoe goroh, balik kowé?”
- „Koela kerep goroh.”
- „Botjah betjik mesti sekolah.”
- „Jèn koela wonten sekolahan, padaran koela mesti moeles. Nanging wiwit saniki koela adjeng mantoeni.”
- „Kowé sagoeh?”



„Jèn botjah betjik”

- „Sagah. Koela adjeng dados laré saé, soepados dados andel-andelé bapak-koela. Bapak saniki onten poendi?”
 - „Emboeh, ora weroeh.”
 - „Napa koela saged pinanggih malih?”
 - „Kirakoe ija bisa! Ora dik, kowé mesti bisa ketemoe.”
- Bareng tanpa wangsoelan mangkono, Kenṭoes boengah banget, saking boengahé nganti njandak tangané poetri peri karo diam-boengi. Sawisé mangkono, bandjoer tjalaṭoe manèh:
- „Anoe, boe, sampéjan boten tilar donja jektos, ta?”
- Poetri peri nggoejoe:
- „Ajaké ora!”
 - „Oepami sampéjan soemerep nggèn koela nangis, sareng koela maos: Ing kéné koeboeré!”

— „Akoë ija weroeh, moelané kabèh loepoetmoe takapoera. Anggonmoe nangis tenan, koewi tanða jèn atimoe betjik. Botjah sing atiné betjik ikoe, sanadjan rada nakal oetawa kogoeng satitik, ija isih kena didandani, tegesé kena diarep-arep betjiké. Awit saka ikoe moelané akoë tekan kéné nggolèki kowé. Kowé takang-gep anakkoel!”

Kentoes tjalaŕoe karo loendjak-loendjak:

— „Waŕoeh, énak, énak!”

— „Nanging kowé ija koedoe nggoegoe apa kandakoel!”

— „Inggih, inggih, inggih!”

— „Sésoek ésoek kowé sekolah!”

Kentoes mari loendjak-loendjak.

— „Bésoek jèn wis sekolah, bandjoer sinaoe njamboet gawé.”

Kentoes meneng, mari nggoejoe.

Poetri peri takon:

— Hara, ana ngapa kowé, kedoemal-kedoemel?”

Kentoes mangsoeli gremeng-gremeng:

— „Anoe, koela empoen kesepoehen, jèn kapoerih sekolah.”

— „Ora, tjah bagoes! Éling-élingen, jèn sinaoe, ngoendakaké sesoeroepan ikoe ora enom ora toewa, paŕa waé.”

— „Nanging koela boten poeroen njamboet damel.”

— „Ana ngapa, ora gelem?”

— „Djalaran jèn njamboet damel ladjeng sajah.”

— „Anakkoe, nggèr! Wong sing ngoetjap mangkono ikoe bésoek ing tembé moeng arep njemploeng pakoendjaran oetawa nje-goer roemah sakit. Takkanŕani ja, roengokna! Wong loemrah ikoe, sanadjan soegija mlarata, koedoe njamboet gawé. Titènana waé wong sing kesèd! Kesèd lan loemoehan ikoe lelara sing mbebajani. Sarta koedoe dirékadaja soepaja adja nganti kelèpètan lelara maoe, wiwit tjilik pisan! Djalaran jèn wis gerang, angèl mariné.”

Semoené temboeng maoe rada kleboe ing atiné Kentoes. Nŕangak karo tjalaŕoe:

— „Inggih, koela baŕé sinaoe, baŕé njamboet damel. Koela baŕé nglampahi samoekawis pakèn sampéjan, sabab koela sampoen bosen dados golèk. Koela baŕé dados laré saèstoe; kados tjrijos sampéjan waoe.”

— „Nah, ija, akoë ija wis kanŕa. Saiki moeng kari ana kowé.”

XXVI. KENTŌES KARO KANTJA-KANTJANÉ MENJANG PINGGIR SAGARA.

Èsoeké Kentŏes mleboe sekolah. Kowé kabèh wis mesthi bisa ngi-
ra-ira, bareng Kentŏes tekan ing djero klas, botjah-botjah lijané
kabèh pada nggegoejoe ora lèrèn-lèrèn. Kabèh pada mbebéda. Ana
sing ngepoek-epoek goendœlé Kentŏes, ana sing njènèng klam-
biné, ana manèh sing bandjoer ndjoepoek mangsi arep dianggo



E. R. di Joma

„Tekakoe mréné ora arep kokanggo édan-édanan”

njlorèng-njlorèngi rainé. Malah ana sing nalèni sikilé karo tangané,
soepaja Kentŏes ndjogèd.

Maoené Kentŏes meneng waé, api-api ora roemangsa, lan nisir.
Nanging soewé-soewé ora betah, méngo nggetak marang botjah
sing ndoegal déwé, karo menteleng:

— „Hoes, ngati-ati! Tekakoe mréné ora arep kokanggo édan-
édanan. Akoe ora ngganggoe roepamoe, moelané akoe ora soesah
kok ganggoe!”

Botjah-botjah malah saja kekelen olèhé nggoejoe, ana sing tja-
laŭoe:

— „Ih, ih, ih, ana botjah kok gemaib temen. Ih, malangkerik kaja gerèh pètèk!”

Sing ndoegal déwé ngatjoengaké tangané arep miṭes iroengé Kentoes. Nanging koerang tjikat, kedisikan dengkoelé ditépang Kentoes.

— „Ato, sikilé atosé kaja watol!”

Ana manèh sing mentas kena sikoeté Kentoes, sambat:

— „Eeek, òadakoe ampeg! eeeg, eeeg, sikoeté krandjingan! Ngoengkoeli sikilé!”

Saboebaré ana sing kena tépang karo ana sing kena sikoet maoe semoené kantja-kantjané sing ndoegal pada éring. Bandjoer pada betjik marang Kentoes.

Apa déné goeroené ija ngalem Kentoes, djalaran dèwèké lantip sarta mampeng, lan sregep. Jèn teka menjang sekolahan disik déwé, jèn moelih mestri ngèrèni.

Tjatjadé Kentoes ikoe sok isih gelem anoet groebjoeg kantja-kantjané, mangka ana sing ndoegal, sing kesèd oetawa sing ora nijat mampeng sinaoe.

Goeroené sarta poetri peri olèhé ngandani ora kèndat-kèndat, ngélikaké:

— „Sing ngati-ati, Toes! Kantja-kantjamoe koewi jèn soewé-soewé kowé diodjok-odjoki dipenging sinaoe!”

Kentoes mangsoeli karo gèdèg-gèdèg dridjiné diatjoengaké mandoevoer:

— „Ah, mangsa sageda!”

Ing batiné:

— „Akoe rak loewih pinter tinimbang kantja-kantjakoe. Mangsa kenaa dibliṭoek, oral!”

Nanging noedjoe sawidjiné dina wajah ésoek si Kentoes mangkat sekolah, kepeṭoek karo kantja-kantjané. Botjah-botjah maoe tjalaṭoe:

— „Toes, toes, anoe kowé wis weroeh, kowé wis weroeh?”

— „Hè, doeroeng.”

— „Ing sagara koewi lo, tjeḍak kono! ana iwaké lodan, gedéné pada karo goenoeng.”

— „Temenan, nèh? Mengko gèk iwak sing ngoental bapak kaé?”

— „Iki pada arep menjang pinggir sagara. Kowé mèloe?”

- „Emoh, akoe arep sekolah kok!”
- „Ah, wong sekolah waé kok kokgagas! Sésoek waé sekolah! Sekolah karo ora ikoe rak pađa waé, sekolaha ija isih bođo, ija ora pinter.”
- „Mengko jèn didoekani pak goeroe.”
- „Ja tjikbèn! Tjikbèn tjatoeran dèwé. Olèhé dibajar olèh blanja ikoe rak moeng diekon gremengan karo srengen!”
- „La siboe keprijé?”
- „Iboemoe rak ora ngerti barang-barang.”
- Kenťoes tjalaťoe manèh:
- „Mengko đisik, tal Temené akoe ija preloe ndeleng iwaké lodan koewil Nanging mengko waé, jèn wis moelih sekolah!”
- Ana sing mangsoeli:
- „Bonto, kil Apa gagasanmoe iwaké koewi gelem ngentèni nganti kowé moelih sekolah? Mengko saděla engkas waé wis ngalih panggonan.”
- „Pira dohé saka kéné menjang pinggir sagara?”
- „Ah, tjeđak, bola-bali moeng lakon sadjam.”
- „Ajo, wis! Sapa đisik!”
- Kenťoes bandjoer mlajoe. Kantja-kantjané pađa mlajoe, karo njangking boekoené oetawa sabaké. Nanging botjah-botjah maoe olèhé mlajoe ora bisa rikat. Sing rikat dèwé moeng Kenťoes. Kala-kala sok méngo karo ngegoejoe kantja-kantjané sing pađa kreng-gosan.
- Kenťoes ora ngreti apa sing bakal kalakon!

XXVII. KENťOES GELOET.

- Bareng Kenťoes wis tekan pinggir sagara, ngingetaké ngiwa nengen, iwaké lodan ora ana. Takon marang kantja-kantjané:
- „Endi iwaké geđé?”
- Ana sing mangsoeli karo nggoejoe:
- „Kirakoe iwaké lagi golèk sarapan!”
- Ana manèh sing moeni:
- „Ora kok, iwaké lagi njentong, arep toeroe.”
- Kroengoe wangsoelan sing ora genah maoe, toer nganggo pađa nggegoejoe, Kenťoes bandjoer ngreti jèn diapoesi. Noeli tjalaťoe karo nesoe:

- „Ana ngapa kok akoe diapoesi ngéné iki?”
- „Ja tjikbèn! Kowé tjikbèn ora sekolah! Kowé ora isin, saben dina ngapalaké karo sinaoe koewi; ora isin ngoengkoeli kantja-kantjamoe iki?”
- „Kowé kok pađa dahwèn? Akoe rak nglakoni apa mestiné botjah sekolah? Apa kowé katoet ketjangking, rak ora?”
- „Ketjangking pisan! Sabab akoe sakantja bandjoer olèh djeneng ala karo pak goeroel!”
- „La ana ngapa?”
- „Ana ngapa keprijé? Anggeré kowé sregep, akoe sing kesèd rak bandjoer ketara, ta?”
- „Hem, karepmoe keprijé, soepajané pađa-pađa kepénaké?”
- „Koedoe manoet tjarane kantjané! Botjah-botjah iki kabèh moengsoehé teloe: sidji sekolahan, loro woelangan, teloené goeroel! Ikoe koewé ija koedoe nganggep moengsoeh!”
- „Jèn akoe ora gelem priyé? Wong akoe arep sinaoe mèn pin-ter!”
- „Kowé didjoťak! Sarta jèn ora kebeneran ditaboki!”
- Kenťoes maťentèng karo nggoejoe ngétjé:
- „Èh, èh, èh, kok nggoejokaké temen.”
- Botjah sing gedé dèwé bandjoer njeđaki Kenťoes karo tjalaťoe getem-getem:
- „ťoes, adja koerangadjar, koewé lo! Koemakimoe, paténtang-paténtèng. Kok arani wedi apa kabèh iki karo kowé! Matamoe bok koklèké, botjah pitoe gilo, kowé idjèn!”
- Kenťoes malah nggoejoe:
- „Pitoe, ih, bangsat pitoe!”
- „Lo, gilo tjah, kowé dioenèkaké bangsat kabèh!”
- „ťoes, énggal ndjaloeka pangapoeral! Jèn ora, mlajoea waél!” Kenťoes malah djogédan karo kenđangan:
- „Pak, pak, gentong!”
- „ťoes, titènana lo!”
- „Pak, ketjoepak, gentoeng!”
- „Ditaboki lo kowé!”
- „Tak, gentoeng-tong tak!”
- „Raimoe bèn mantjoer-mantjoer!”
- „Dang tong tak djoerrrrrrrr!”
- Sing kendel dèwé ora sranta, tjalaťoe karo njeđaki Kenťoes:

— „Ajo ndjogéda manèh! Enja, gilo takwèhi lentol!” Karo nggedjil si Kentoes.

Kentoes ija males, kaploek! Diwales manèh, keploek! Keploek, keplak, doeg! Kentoes dikroeboet, tangané karo sikilé srawéan ngantemi ngiwa nengen. Moengsoehé ora pada wani njedak, sabab tangané Kentoes karo sikilé pada atosé. Singa kena ketendang teroes maotoeng.

Bareng Kentoes njata angèl ditjedaki, pada golèk akal lija. Boekoe-boekoe sing ana ing djero tas pada didjoepoeke, dianggo mbalangi Kentoes, sebat-seboet ana boekoe: Lan dalan, Papa rara. Boekoe étoeng, Boekoe paramasastra lan lija-lijané. Nanging Kentoes tansah ngéndani, ora taoe kena. Boekoe-boekoené teroes njemploeng menjang sagara.

Kotjapal Iwak sagara pangirané ana mangsan, agé-agé pada ngambang. Boekoe-boekoe ditjaploki, nanging noeli diwoetahaké manèh. Ana iwak sing njaplok „pangrimbaging temboeng”, nanging bandjoer gebrès-gebrès dilepèh karo moeni:

— „Iki doedoe pakanankoe. Jèn pakanankoe loewih énak manèh.”

Ing nalika ikoe olèhé pada geloetan saja ramé, nganti ana kepitng moenggah menjang daratan karo tjalaŋoe glereg-glereg kaja dermènan sing ngebeber:

— „Wis, wis, wis, botjah oegal-oegalan! Adja pada kerengan, moendak ora betjik kadadéjané!”

Nanging tanpa goena! Kentoes méngo karo mrengoet ngoedjar-oedjari:

— „Hoes, meneng! Tjangkemé ndadak ngomèl! Kana goléka témpé bosok dienggo goerah, bèn adja kaja montor boebrah swaramoe koewi! Karo ngoentala aspirin, ndjoet kemoelana sing broekoet, bèn soemoek!”

Ing nalika ikoe botjah-botjah wis ora doewé boekoe sing dianggo mbalangi. Doemadakan weroeh wadiah boekoené Kentoes, teroes direboet, boekoené dioedal-oedal.

Ana boekoené sing gedé sidji, nganggo samak kandel. Boekoe ikoe boekoe étoeng, boboté antep. Ditjandak salah sawidjiné botjah-botjah maoe, bandjoer dibalangkaké sarosané marang Kentoes. Nanging ora kena Kentoes, kena goendoele kantjané déwé. Botjah maoe poetjet dadakan, níba karo sambat:

!

— „Aðoeh bijoeng, toeloeng mati!”

Teroes nglékar ana ing wedèn.

Bareng kantja-kantja weroeh kaja mangkono maoe, teroes pada mlajoe boebar kabèh, ora soewé pada ora katon.

Nanging Kentoes isih kari dèwé. Sanadjan atiné djoedeg banget imboeh wedi, nanging noeli mlajoe menjang sagara, katjoené ditelesi, bandjoer goendoele kantjané ikoe diblebed. Kantjané ditjeloeke karo nangis daléwéran eloehé. Sambaté Kentoes:

— „Dja, Wakidja, Dja, Dja! Meléka Dja! Ingetna akoel Kok ora mangsoeli, Dja? Akoe ora, lo Dja, akoe ora nganoe kowé, akoe ora apa-apa, Dja! Dja, tangia, Dja! Gèk keprijé akoe, jèn kowé mati? Apa akoe wani moelih? Mengko gèk keprijé? Tobiiil, jèn ndelik, gèk ndelik menjang ngendi? Ah, bok maoe akoe sekolah waé, ora apa-apal Akoe maoe ija gelem diadjak mréné!

..... Mangka pak goeroe wis ngandani, siboe kerep ngelikaké: „Toes, adja sok koempoelan karo botjah sing ora betjik ... Nanging akoe nggoegoe karepkoe dèwé; akoe koemaki, woelang woeroek ora takrèwès! Saiki kaja ngéné iki! Iki keprijé iki?”

Kentoes nangis nggelolo, karo naboki goendoele dèwé. Olèhé metiki kantjané tanpa kandat. Doemadakan kroengoe ana wong mlakoe. Bareng méngo, weroeh ana oepas loro teka.

Oepas takon:

— „Ana ngapa kowé kok toeron ana ing lemah?”

— „Koela saweg noeloengi kantja koela.”

— „Apa kantjamoe kelaran?”

— „Ketingalipoen inggih!”

Oepas sing sidji bandjoer ndingkloek njedaki: — „Pilingané ta-toel Sapa sing natoni iki maoe?”

Kentoes kamisosolen:

— „Koela boten!”

— „Jèn doedoe kowé, sapa?”

— „Koela bo ten!”

— „Olèhé natoni nganggo apa?”

— „Nganggé boekoe poenika!”

Kentoes ndjoepoek boekoené sing nganggo samak loelang maoe, noeli dioeloengaké marang oepas. Oepasé takon:

- „Iki doewèké sapa?”
- „Gaḍahan koela!”
- „Wis Ajo, mèloe akoel!”
- „Tijang koela boten poenapa-poenapa, kok?”
- „Mèloe, koerangadjar, ki!”

Oepas loro maoe njeloek wong sing golèk iwak ing pinggir sa-
gara kono, noeli diweling:



„Ajo mlakoe, botjah ndoegal! ”

— „Botjah niki sampéjan opèni. Pilingané tatoe. Sampéjan ga-
wa moelih, sampéjan betjiki —, sésoek koela tiliki!”

Sawisé mangkono Kentoes bandjoer digawa loenga diapit-apit
opas loro, karo digetak-getak.

— „Ajo mlakoe, botjah ndoegall! Adja kakéhan tjrèwèt, takta-
poeki kowé mengko!”

Kentoes noeroet waé, ora moeni barang-barang, metoe dalan
sing menjang désa kono. Nanging pikirané ora karoewan, roemang-
sané kaja ngimpi! Pandelengé dōmpo, sikilé rasané abot, lambéné

koemitir Kaṭik kaja maling digawa oepas! Njoet, Kentoes kèlingan mengko ngliwati panggonané poetri peril Wé lah, keprijé mengko! Ah, emoh ora gelem jèn metoe kana!

Bareng arep mleboe désa, koeploeké kaboer kanginan. Kentoes pitakon:

— „Koela badé mendet koeploek koela, poenapa pareng?”

— „Ija, djoepoeken, nanging gelis waé!”

Kentoes noetoeti koeploeké, didjoepoek nanging ora dianggo; koeploeké ditjakot teroes bablas mlajoe nggendring menjang pinggir sagara.

Oepas roemangsa ora ketjonggah noetoeti Kentoes. Moelané asoené noeli diojakaké. Asoené maoe dèk ana balapan asoe wis taoe olèh pris angka sidji. Saiki balapan karo Kentoes, ngadoe rikat, ngadoe napas!

Kentoes plajoené rikat, nanging asoené loewih rikat manèh.

Keprijé sabandjoéré?

Sing paḍa ndeleng paḍa arep weroeh. Nanging Kentoes karo asoe ora soewé wis ora katon, sabab bledogé ing dalan moebal-moebal ngaling-alingi.

XXVIII. KENTOES AREP DIGORENG.

Kentoes wis ngroemangsani ora bakal bisa ontjat, mesti ketjekel, sabab si Gombloh, ija ikoe djenengé asoené sing noetoeti, wis tjeḍak banget. Malah roemangsane Kentoes, karia ija ora ana sakilan, sabab napasé Gombloh wis krasa ana ing gegeré.

Toedjoené wis ora adoh karo sagara. Samenit engkas Kentoes wis tekan gisikan. Kentoes tanpa antjang-antjang teroes mloempat, tjegoer! tiba tengah-tengahing ombak, teroes nglangi kaja koḍok. Gombloh pantjèna arep mandeg, nanging sarèhné olèhé mlajoe rikat banget, dadi teroes waé njemploeng banjoel! Mangka ora bisa nglangi. Sikilé papat pisan srawéjan, nanging malah ambles, saja soewé saja djero.

Bareng mentjoengoel, matané plorak-plorok karo djoegoeg, sambat:

— „Haebb, haebb, akoe keblebeg!”

Kentoes lega atiné, saiki ora samar jèn ketjekel. Wangsoelané karo ngétjé:

— „Modara pisan, tjikbèn kapok!”

— „Haebb, Toes, toeloengana akoe mati!”

Kenṭoes ḍasaré atiné pantjèn betjik, bareng kroengoe Gombloh sambat-sambat, bandjoer welas.

— „Jèn kowé taktoeloengi, apa kowé ora bakal ngojak-ojak akoe manèh?”

— „Haebb, gffffff hija, hija, ora, oral Gelis, akoe selak haebbb!”

Kenṭoes isih godjag-gadjeg. Nanging noeli kèlingan kanḍané bapakné: „Jèn noedjoe ana waktoené nindakaké panggawé betjik, tindakna!” Moelané Kenṭoes bandjoer nglangi noetoeti Gombloh, ditjekel boentoeté nganggo tangan loro, teroes digèrèt menjang gisikan.

Si Gombloh wis ora bisa ngadeg djedjeg. Olèhé ngombé banjoe sagara rada kakèhan, nganti wetengé mlemboeng kaja ballon. Nanging Kenṭoes isih rada koerang pratjaja, moelané njemploeng ing sagara manèh, karo nglangi mentengah tjalaṭoe:

— „Wis ja, Gombloh, andoem slamet!”

Gombloh mangsoeli:

— „Ija, Toes! Akoe trima kasih banget koktoeloengi iki. Akoe roemangsa kepotangan kabetjikan karo kowé. Djaréné: sapa sing mbetjiki oewong, koewi mesti genti bakal dibetjiki. Bésoek waé ketemoe manèh, bokmanawa akoe bisa males.”

Kenṭoes noeli nglangi teroes, nanging isih oeroet pasisir waé. Wekasan weroeh ana goewa ana ing pinggir sagara. Dikira ing kono kena dianggo ndelik. Ana keboel koemeloen metoe saka nggoewa maoe. Kenṭoes tjalaṭoe:

— „Sadjaké ing goewa kono ana geniné. Malah kebeneran, akoe bisa api-api ngiras manggang klambikoe. Tjoba daktilikané.”

Kenṭoes nglangi marani goewa maoe. Nanging kotjapa, lagi pe-
tèkèl-petèkèl mènèk mandoewoer, krasa katoet barang sing metoe saka ing banjoe, saja soewé saja doewoer. Kenṭoes arep ngontjati wis kasèp. Bareng ditamataké djeboelané dèwèké ketjemploeng ing djaring sing gedé banget, awor karo iwak akèh. Iwaké warna-warna, gedé tjilik, paḍa klèpèkan ngiwa nengen.

Bandjoer katon ana toekang golèk iwak metoe saka ing goewa. Roepané nggilani kaja memedi sagara. Ramboeté kaja soeket, dawa-dawa, warnané idjo, koelitè idjo, matané kelong-kelong idjo.

Bréwoké nganti klangssrah lemah. Nganti ora sipat manoengsa, nanging kaja léjong Tjina sing oerip. Patoet jèn diarani boeta idjo.

Bareng djaringé wis tekan pentasan, boeta idjo tjalaŕoe:

— „Éh, kebeneran temen dina iki, olèh-olèhakoe akèh? Éh, akoe takmangan iwak sing nganti wareg kaé!”

Kroengoe temboeng mangkono, Kentoes rada ajem atiné, tjalaŕoené ing batin:

— „Toedjoené akoe doedoe iwak, dadi mestiné ora katoet dipangan.”

Djaringé digawa menjang ing djero goewa. Ing tengahing goewa ana wadjan gedé isiné lenga moempal-moempal. Semoené doedoe lenga klentik, sabab amboené leteng. Ing djero goewa moeleg margapeloeké geni kajoe.

— „Hèh, tjoba takdelengé isiné!”

Karo tjalaŕoe mangkono, boeta idjo tangané dilebokaké ing djaring. Tangané gedé nganti kaja tjikrak oewoeh. Iwaké didjoepoe ki sidji-sidji, diamboe, bandjoer ditjempoengaké ing djembangan tanpa banjoer. Oeniné karo ndremimil:

— „Hemm, énak, hemm, seger! Iki ɔorang, iki tjoetjoet, lah! iki kakap, la tengiri, lajoer, ija lajoer!”

Iwaké ngloempoek kabèh ana ing djembangan maoe, pating kelèpèk, pating kroentel.

Kentoes kèri déwé ana ing djaring.

Bareng diwetokaké, boeta idjo kagèt banget, matané mlorok karo nggereng:

— „Heeengng, iwak apa iki? Anèh temen, akoe doeroeng taoe weroeh!”

Diiling-ilingi ngisor ɔoewoer, diwolak-walik:

— „Ooo, ija, iki oerang ajaké!”

Kentoes diarani oerang maoe nesoe, tjalaŕoené:

— „Apa? Akoe oerang? Koerangadjar, ki? Karo manèh, nandangi wong kok sagelem-gelemé waé! Bok melèk! Akoe iki golèk, gilol!”

— „Eh, golèk? Temené iwak golèk koewi akoe malah doeroeng taoe weroeh rasané. Malah kabeneran!”

— „Dadi akoe arep kokpangan, ta? Nanging apa kowé ora weroeh jèn akoe iki doedoe iwak? Akoe rak bisa ngoetjap oetawa doewé pikiran kaja loemrahing manoengsa?”

— „Eh, bener, bener, bener! Sarèhné woedjoedmoe iwak, mangka bisa tjalaṭoe kaja oewong, moelané ija bakal takadjèni sapan-tesél!”

— „Keprijé olèhmoe ngadjèni?”

— „Arep takekon milih: apa digodog loegoe, apa diolah nganggo brambang bawang, apa digorèng?”

— „Temené akoe pilih oetjoelna waé!”

— „Oeoh, adja oegal-oegalan! Apa kowé ngira bakal taktjoelaké. Akoe doeroeng mesthi olèh kaja roepamoe iki. Wis adja kakéhan remboeg: kowé bakal takgorèng toenggal karo iwak lija-lijané. Ora bakal idjèn!”

Bareng Kenṭoes kroengoe temboeng mangkono bandjoer nangis nggelolo:

— „Hiiii, oepama akoe maoe sekolah, ora kaja ngéné, hiiii, sing marahi kantja-kantjakoe!”

Polahé Kenṭoes ora karoewan. Boeta idjo ora sranta, Kenṭoes bandjoer ditalèni tangané karo sikilé, roepané ndlolèr kaja sosis. Noeli dilebokaké ing pengaron awor iwak akèh. Pangaron ikoe isiné glepoeng beras. Iwaké diwedaki glepoeng. Kenṭoes ija diwedaki, roepané nganti ora karoewan.

Sing tiba ḍisik ḍéwé iwak tengiri, ditjemploengaké ing wadjan, ora soewé mateng. Sawisé tengiri bandjoer iwak kakap. Kenṭoes weroeh mangkono maoe nganti ora bisa sambat, moeng kelang-kelong matané waé, nanging boeta idjo ora ngrèwès.

Bareng iwak-iwak wis rampoeng kabèh, kari Kenṭoes ḍéwé. Kenṭoes dioelig-oeligaké ing glepoeng, ditjekel endasé, bandjoer

XXIX. KENṬOES KETOELOENGAN.

Nalika Kenṭoes lagi ditjekel arep ditjemploengaké wadjan, ana asoe gedé mleboe ing goewa kono. Olèhé tekan kono maoe djalaran mamboe gandané iwak goréngan.

Bareng weroeh ana asoe teka, arep ngroesoehi, digoesah, karo toeding-toeding:

— „Ajo, minggat!”

Nanging asoe maoe loewé banget, ora gelem loenga, moeng kikit-kipit boentoeté kaja arep tjalaṭoe:

— „Akoe ndjaloek iwakmoe saṭiṭik waé. Jèn wis takloengal!”

Boeta idjo nggetak manèh:

— „Minggat, minggat!” karo arep népang. Asoené digoesah meksa ora gelem, malah ndjoegoeg, mringis ngétokaké oentoené.

Nalika ikoe ana soewara liri:

— „Gombloh, akoe toeloengana. Jèn akoe ora koktoeloengi mesti kelakon digorèng.”

Gombloh nitèni soewarané Kenṭoes, bandjoer weroeh, jèn sing ana tangané boeta idjo, sing roepané kaja gedang gorèng kebak glepoeng ikoe ija si Kenṭoes.

Gombloh ora sranta bandjoer mloempat. Kenṭoes direboet saka tangané boeta idjo, ditjokot alon-alonan, noeli digondol metoe saka ing goewa.

Boeta idjo nepsoe banget, sabab iwaké sing anèh direboet asoe maoe. Arep noetoeti, lagi olèh teloeng petjak, bandjoer watoek-watoek, noeli ora sida.

Bareng wis tekan dalan sing menjang désa, Gombloh bandjoer mandeg, Kenṭoes disèlèhaké alon-alon. Kenṭoes tjalaṭoe:

— „Trima kasih banget, Gombloh, akoe trima kasih banget!”

Wangsoelané Gombloh:

— „Ah, moeng kaja ngono waé, toemrap marang akoe ora sepiraa. Akoe rak moeng males kabetjikan djenengé. Kowé wis noe-loengi akoe, saiki akoe genti noeloengi kowé, sabab wong ana ing donja ikoe wadjibé koedoe toeloeng tinoeloeng.”

— „Kowé kok dadi tekan goewa maoe, keprijé?”

— „O, kotjapa, akoe maoe bareng wis kokentasaké, rasané awakkoe kaja wong satengah mati. Doemadakan akoe mamboe gandané iwak goréngan. Wetengkoe bandjoer krasa loewé banget, lan akoe noeli nggolèki panggonané sing nggorèng iwak, woesana nganti tekan goewané boeta idjo. Ora, Ṭoes, oepama tekakoe maoe kasèp samemit engkas waé, keprijé?

Kenṭoes mangsoeli karo kirig-kirig:

— „Ah, wis, wis, adja tjatoeran!”

Gombloh nggoejoe mrèngès karo ngatoengaké sikilé ngarep sing tengen. Loro--loroné bandjoer salaman, noeli paḍa pisahan. Gombloh moelih.

Kenṭoes teroes marani omah goeboeg sing ora adoh saka kono, noeli takon marang wong toewa sing lagi tenger-tenger ana ing ngarep lawang:

Si Kenṭoes II

3

— „Boten, pak, sampéjan waoe napa mireng kabaré botjah sing tatoe goendoele, sing djenengé si Wakidja?”

— „Weroeh pisan! Si Wakidja maoe ija digawa mréné. Sing nggawa kantja-kantjakoe wong amèk iwak! Saiki

— „Saniki temtoené empoen pedjah?”

— „Ora, isih oerip! Malah saiki wis moelih menjang omahé!”

Kentoes kroengoe temboeng mangkono maoe boengah banget.

— „Èstoe, pak? Dadosé tatoené nikoe boten napa-napa, ta?”

— „Nanging oepama ora mangkono, tatoené maoe ija bisa oega dadi djalaran, malah bisa dadi djalarané mati. Sabab sing dianggo ngeproek goendoele Wakidja ikoe boekoe gedé toer nganggo samak loelang!”

— „Sing ngeproek nikoe toeréné sinten?”

— „Anoe, koewi lo, kantjané, sing djenengé Kentoes.”

Kentoes api-api ora weroeh.

— „Kentoes nikoe sinten ta, pak?”

— „Djaréné Kentoes koewi botjah ndoegal, koerangadjar, petèké wong akèh ora bakal dadi wong

— „Ah, nikoe wong tjatoerané wong oegal-oegalan!”

— „Apa kowé wanoeh karo Kentoes dèwé, ta?”

— „Soemerep pisan, nanging nggih dèrèng tepang saé.”

Wong toewa maoe takon manèh:

— „Nèk moenggoeh ing kowé, Kentoes koewi keprijé?”

— „Jèn koela, dèwèké nikoe botjah betjik, sinaoené mèmèng, teng bapakné wedil

Kentoes anggoné tjalaŕoe mangkono maoe karo ndemok iroengé, krasa iroengé moendak dawa, roemangsa loepoeté, bandjoer goegop, tjalaŕoe:

— „Boten, dik pak, ampoen ngandel kanŕa koela nikoe waoel Koela koelina banget kalih Kentoes nikoe. Kentoes nikoe pantjèn botjah ndoegal banget, kasèdè boten ènten sing ngoengkoeli, wong toewané boten diwedèni. Gawéné mblajang, boten gelem sekolah!”

Sawisé kanŕa mangkono iroengé Kentoes bandjoer bali kaja maoené manèh.

Wong toewa maoe takon semoe goemoen:

— „Ora, la roepamoe kok poetih kaja mangkono koewi sababé keprijé?”

Kentoes isin arep mangsoeli jèn mentas diwedaki glepoeng, moelané bandjoer golèk pawadan:

— „Nikoe ta, koela waoe kepèpèt témbok sing mentas dilaboer, wah ketjemploeng ènten laboeré pisan, dadiné gloeproet kawoer!”

— „La klambimoe, katokmoe barang ana ngendi? Koktinggal ngendi?”

— „Wong koela waoe kepapag bégal loro, koela waoe diblèdjèti nganti woedal Boten pak, sampéjan kagoengan napa saènten-èntemé ngrikoe. Koela mblindis ngoten niki, mengké rak boten bisa moelih!”

— „Wo, la, akoe ora doewé barang-barang, djaba moeng ka-roeng goni wadiah katjang. Jèn kowé arep, ija nggonen!”

Kentoes ora mangsoeli, karoengé énggal didjoepoek. Ing doe-woer diwènèhi bolongan teloe, ing ngisor loro, noeli dianggo kaja katok monjèt. Sawisé mangkono Kentoes bandjoer moelih.

Ana ing dalam atiné ora kepénak banget.

— „Iboekoe peri mengko gèk keprijé iki? Apa ora nepsoe! Ah, iki wis mangsa oléha pangapoera, ora! Ja kaja ngéné iki dia-loekané botjah kaja akoe iki, wong akoe iki ora genah, ora nggoe-goe woelang woeroek!”

Tekan ing désané wis langkah wajah ngisa. Oedané deres banget kaja disokaké, moelané Kentoes teroes waé ngener omahé poetri peri. Nanging bareng tekan ngarep omah, atiné wedi banget, bandjoer bali ana rong poeloeh petjak. Ora soewé marani manèh menjang lawang, nganti kaping teloe moeng bola-bali waé. Wekasan atiné diwanèk-wanèkaké bandjoer totok-totok lawang.

Kentoes ngentèni bokmanawa ana sing metoni. Bareng wis olèh $\frac{1}{2}$ djam, tjendéla ing lotèng angka loro (omahé poetri peri ikoe nganggo lotèng papat) menga. Ana kéjong gedé ingoek-ingoek karo nggawa tjolok dijan tjilik ditjantèlaké ana ing soengoeté. Kéjong njapa:

— „Sapa kiiii, bengi-bengiii?”

Kentoes mangsoeli pitakon:

— „Apa poetri peri ana ngomah?”—

— „Poetri peri lagi saré, ora karsa diwoengoe. Kowé sapa, ta?”

— „Akoel!”

— „Akoe sapa?”

— „Akoe Kentoes!”

— „Kentoes sapa?”

— „Kentoes sing ndèrèk poetri peri kaé tal”

— „O, ija wis ngreti akoel Entènana sadéla, akoe takmidoem, ngengakaké lawang!”

— „Rikat waé akoe selak kademen!”

— „Mengko disik, tjah bagoes! Akoe iki kéjong, kéjong koewi ora kena kesoesoel”

Wis sadjam, rong djam, teloeng djam, lawangé ora ana mengal Kentoes ora sranta, awaké kademen tili-tili; bandjoer totok-totok manèh loewih seroe tinimbang karo maoe.

Nalika samono tjandéla ing lotèng sing angka sidji menga, kéjong ingoek-ingoek manèh. Kentoes noeli mbengoki saka ngisor:

— „É, kéjong, bok ija sing rikat, nèh! Akoe iki wis ngentèni rong djam. Oedané deres, wetengkoe loewéééé! Sing rikat, tal”

Kéjong mangsoeli sarèh:

— „Toes, akoe iki kéjong. Kéjong koewi ora kena kesoesoel”
Tjendélané bandjoer mineb manèh. „Tèng-tèng-tèng”, djam te-
loe, „tèng”, manèh djam papat!

Kentoes wis saja selak ora koewat, golèk wilah, olèh, noeli di-
enggo njabeti lawang. Nanging wilah maoe doemadakan malih,
dadi weloet, krogèl-krogèl mroetjoet saka tangané.

Kentoes saja nepsoe banget:

— „Wé la, oegal-oegalan kabèh iki!”

Kentoes bandjoer moendoer antjang-antjang, lawang ditendang
seroe. Saking seroené nganti sikilé sing sidji kedjepit. Ditarik-tarik
meksa ora kena, malah kentjeng kaya dipakoe.

Bareng wis ésoek lawangé sing sasisih menga. Kéjongé metoe.
Dadi wiwit saka lotèng sing ndoewoer déwé nganti tekan ngisor
dilakoni 9 djam. Kéjong kringeté dléwéran. Bareng weroeh Ken-
toes metèngkrang sikilé ikoe, bandjoer takon karo nggegoejoe:

— „Sikilmoe kok kokpamèraké ana kono koewi ana ngapa?”

— „Tjilaka wis! Gelis agé, akoe toeloengana sikilkoe iki!”

— „Koewi sing bisa noeloengi kadjaba moeng toekang kajoe,
mangka akoe doeroeng taoe dadi toekang kajoe.”

— „Ija wis poetri peri waé atoerana, kaé rak karsa noeloengil”

— „Poetri peri lagi saré, ora kena diwoengoe.”


— „Dadi akoe iki apa diekon ngéné waé teroes-teroesan?”

— „La ija sambinen ngétoengi semoet sing liwat koewi, bèn
keslamoer.”

— „Ija wis djoepoekna panganan waé. Wetengkoe selak loewé banget!”

— „Entènana sadéla, takdjoepoekaké!”

Kéjong mleboe manèh. Bareng wis olèh teloe satengah djam,



„Koewi sing bisa noeloengi kadjaba moeng toekang kajoe.”

bali karo njoengi tépak isi panganan, ija ikoe: sega poetih sape-
mak, iwak baloer satjoewil karo djeroek keprok. Kéjong tjalaŕoe:

— „Gilo, dienggo sarapan, paringé poetri peri.”

Bareng weroeh panganan ana ing tépak maoe, Kentoes rada
ajem atiné. Nanging kotjapa, sing kaja sega poelen maoe dje-
boelané doedoe sega temenan, nanging kapoer diendèg-endèg. Sing

kaja iwak baloer maoe koelit kajoe; djeroeké kapeok sing digawé lilin.

Kenṭoes nepsoe banget. Tépak saisiné arep ditendang. Nanging emboeh saka nepsoené maoe, emboeh saka wis ora koewat, Kenṭoes bandjoer niba ana ing lemah, ora éling barang-barang.

Bareng nglilir wis ana ing ambèn ditjedaki poetri peri. Poetri peri tjalaṭoe:

— „Saiki isih takngapoera, nanging titènana waé jèn kokpindo manèh.”

Kenṭoes sapata-sapata bakal marèni.

Temenan, sataoen Kenṭoes netepi kasagoehané. Bareng ngarepaké liboeran Kenṭoes diexamen, bisa olèh bidji betjik, olèh pangalembana. Awit saka boengah-boengahé bareng Kenṭoes tekan ngomah dirangkoel karo poetri peri. Poetri peri noeli tjalaṭoe:

— „Kenṭoes, sésœk ésoek pandjaloekmoe mesti katekan.”

— „Napa, boe?”

— „Kowé sésœk bakal mari dadi golèk, wiwit sésœk bakal dadi botjah temenan kaja lija-lijané kaé.”

Bareng kroengoe temboeng mangkono, Kenṭoes boengahé ora karoewan! Sésœk ésoek kantja-kantjané bakal dioendang kabèh diekon seneng-seneng. Poetri peri wis meling panganan sing énak-énak karo wis meling premèn tjoklat menjang toko Tjina.

Wah saiba senengé!

Ning ana ningé!

XXX. KENṬOES ORA SIDA DADI BOTJAH.

Kenṭoes bandjoer pamt, arep ngoendangi botjah-botjah. Poetri peri mangsoeli:

— „Ija, kantja-kantjamoe pada oelemana, nanging sadoeroengé soeroep kowé koedoe wis moelih. Ngreti?”

Kenṭoes sagoeh:

— „Sadjam kémawon koela rak sampoen wangsoel.”

— „Tenan, nèh? Botjah koewi adaté moeng sagoehé baé, nanging

— „Nanging koela boten kados limrahipoen laré ta? Angger koela sagah mesti saèstoe.”

— „Ija ta, soekoer! Nanging jèn kowé ora goegoe marang woeroek, ija mesti kodjoer.”

— „Kados poendi?”

— „Botjah ikoe jèn ora gelem nggatèkaké piwoelang betjik mesti nemoe bilai.”

Kentoës mangsoeli karo mèsèm:

— „Inggi, pantjèn makaten koela pijambak sampoen naté nglampahi!

— „Tjoba, saiki kowé bisa netepi kasagoehanmoe, apa ora?”

Kentoës pamit noeli loenga karo oera² lan djingklak-djingklak.

Doeroeng nganti sadjam, anggoné oelem-oelem wis rata kabèh. Sing akèh-akèh pada sagoeh arep teka. Ana oega sing sadjak ora ngandel. Nanging bareng dikandani jèn sésóek koewi nganggo olèh tjoklat barang, kabèh bandjoer pada sagoeh. Tjalafoené:

— „Ija ta, jèn ngono takteka, nanging tekakoe maoe moeng arep nglegani atimoe, lo.”

Kari sidji sing doeroeng ditekani Kentoës, ija ikoe kantjané sing ditresnani déwé, djenengé si Keploek. Keploek ikoe ana ing sekolahan kesèd déwé, toer ndoegal déwé. Kentoës tekan ngomahé, Keploek pinoedjoe ora ana. Dipinadoni, doeroeng moelih, ping teloe meksa ora ana ngomah.

Kentoës kéwoehan, batin atiné: „Lah ana ngendi?” Bareng digolèki temenan, ketemoe lagi tengerok-tengerok ana ing ngarep ré-golé tanggané. Kentoës takon:

— „Kowé ana ngapa ana ing kono?”

— „Akoé arep loengan mengko djam rolas.”

— „Menjang ngendi?”

— „Oe, adoh banget!”

— „Akoé wis kaping 3 menjang panggonanmoe, nggolèki kowé

— „Arep apa ta?”

— „Apa kowé doeroeng kroengoe?”

— „Kroengoe apa?”

— „Akoé sésóek rak wis mari dadi golèk, bakal dadi botjah kaja botjah loemrah kaé!”

— „Lo, seneng kowé, ja? Nèk mengkono akoé ija mèloé bue-ngah, Toes!”

— „Kowé sésóek tekaa, nggonkoe bantjakan, nganggo premèn tjoklat barang.”

— „Akoé maoe rak wis kanda ta, mengko akoé arep loengan!”

- „Djam pira?”
- „Sadéla engkas!”
- „Menjang ngendi?”
- „Akoe arep menjang désa Njamleng, ja ikoe désa sing ke-
pénak banget kanggo botjah-botjah. Kowé mèloe apa pijé?”



„Apa kowé doeroeng kroengoe?”

- „Emoh, emoh!”
- „O, wong kodjoer! Bok goléka sadonja iki ta mangsa **anaa** panggonan sing kepénaké kanggoné botjah-botjah, kaja désa Njamleng! Takkanjani ja, kana koewi ora ana goeroe, dadi ora ana wong sing sok ngojak-ojak botjah, boekoe sidji-sidjia ija ora ana. Saminggoe Ngahadé 6. Jèn liboer wiwit Sawal nganti tekan Pasa!”

— „Ora, la ana kono koewi ndjoet ngapa?”

— „Ora apa-apa, moeng dolanan waé, wiwit ésoek oemoen-oemoen nganti tekan soré. Jèn bengi toeroe. Ésoeké dolanan manèh teroes-teroesan.”

— „Ehem.”

Kentoes mlenggong, sadjaké ing batin moeni mangkéné: — „Kaja ngono koewi oerip kepénak!”

Keploek takon manèh:

— „Prijé, kowé arep mèloe apa prijé?”

— „Emoh, ora-ora! Tjekaké akoe ora mèloe. Wis sagoeh karo boekoe peri arep dadi botjah betjik, kok! Ah, wis wengil! Wis ja, mjanoni slamet!”

— „Kok kesoesoe ta?”

— „Mengko selak peteng. Maoe akoe sagoeh moelih sadoe-soengé soeroep, kil!”

— „Ajah, sadéla engkas rak ija kena. Mengko dakkandani manèh!”

— „Wis wengi, ahl!”

— „Sadèlit waé!”

— „Mengko jèn disrengeni!”

Keploek mangsoeli karo mringis:

— „Wèh, katik kaja doeroeng taoe kambon srengen! Wong disrengeni waé, anggeré ora mangsoeli, sing srengen jèn wis kesel, rak ija meneng dèwél!”

Kentoes mbeneraké temboengé Keploek, bandjer njedak, takon:

— „Ora, kowé menjang désa Njamleng koewi idjèn apa ana kantjané?”

— „Ana, satoes loewih takkandani!”

— „Mlakoe apa noenggang kréta!”

— „Noenggang kréta, mengko sadéla engkas rak teka krétané sing arep ngeteraké tekan désa Njamleng!”

— „Eh, bok ija ndang teka ta, krétané!”

— „Arep apa ta, kowé!”

— „Lo, ja arep weroeh toekmoe da mangkat!”

— „La, ngentèna, ta!”

— „Ora ah, akoe arep moelih waé!”

— „Keprijé ta, koewi, djaré kepéngin weroeh, djaré arep moelih?”

— „Lo, toekkoe loenga iki wis soewé, moendak dientèni!”
 — „Sapa sing ngentèni?”
 — „Boe peri.”
 — „Mbok ija mèn ngentèni, karo mèn adjar-adjar betah melèk.”
 — „Mengkonoa kaé, mesakaké!”
 — „È-èh, ana botjah teka mesakaké wong toewa, lagi tjaramoe, Toes, Toes!”

— „Apa tenan ta, Ploek, nèk ing désa Njamleng ikoe ora ana sekolahan?”

— „Apa karo kowé waé akoe ndadak goroh?”
 — „Lah, goeroe apa ija ora ana tenan?”
 — „Tjekaké moeng kari ana kowé déwé, ngandel apa ora! Nèk ngandel ja soekoer, nèk ora, akoe ora boetoeh pijandelmoe!”
 — „Mengko nèng kana gèk dikon ngapalaké barang?”
 — „Sing akon sapa, bapakmoe apa? Wis genah dikandani jèn goeroe ora ana, kok ndadak koewatir diekon ngapalaké!”
 — „Wah, pénak tenan ajaké!” Kentoes anggoné moeni mangkono maoe kambi ketjap-ketjap, semoené kemetjer banget. Bandoer tjalafoe:

— „Lagi dikandani waé, kok wis ajem atikoe!”
 — „La mèloea, ta!”
 — „Ah, kowé koewi pidjer mèla-mèloe waé; wis dikandani: kéné wis kebatjoet sagoeh moelih, kok!”
 — „Ja wis ta, moeliha! Kana, moelih kana! Njangoni slamet! Moeng jèn liwat sekolahan waé akoe pamitna!”
 — „Ija, wis ja Ploek! Lakoemoe slameta! Moeng nèk ana apa-apa waé akoe sambaten!”

Kentoes mangkat moelih. Doeroeng adoh si Keploek tjeloek-tjeloek:

— „Téga temenan apa, Toes, dak pék déwé, lo!”
 — „Ora, omongmoe, désa Njamleng Ngahadé djaré nenem, ikoe apa tenan?”
 — „Ora; gregeten akoe! Ana tjangkem wong dipadakaké tjangkem kodok waé.”
 — „Liboeré apa ija wiwit Sawal tekan Pasa temenan?”
 — „Emboeh, wis kesel akoe mangsoeli pitakonmoe!”
 — „Mengko kowé koewi gèk ngapoesi, Ploek?”
 — „Moelané wis ndang moeliha!”

- „Mangkatmoe kapan, ta nèh?”
 - „Sadéla engkas!”
 - „Oepama wis emèh, takentèni!”
 - „Mengko disrengeni iboemoe poetri kowé?”
 - „Wijah, wong wis kewengèn waé, sisan.”
 - „Lo, kok kaja botjah nèk ngono koewi! Wani temenan apa kowé, jèn disrengeni?”
 - „Wani waé, anggeré mboedegi waé rak oewis!”
- Sasoewéné omong-omongan maoe wis peteng. Ora soewé saka kadohan tjlorot-tjlorot teka, sarta kroengoe soewarané slomprèt kréta. Keploek bandjoer djingklak-djingklak karo alok-alok, semoené ora pati mikir marang Kentoes:
- „La kaé teka! La kaé teka!”
- Kentoes takon: — „Apa, sapa sing teka?”
- „Krétané! Prijé, kowé mèloe apa ora?”
 - „Nèng kana apa ora diekon sekolah tenan, ta Ploek?”
 - „Emboeh!”

XXXI. KENTOES MENJANG DÉSÀ NJAMLENG.

Nah, saiki wis teka tenan krétané! Tekané ora nganggo soewara barang-barang, sabab rojané dioebet-oebeti gombal karo damèn. Sing narik koeldi rolas, gedéné pada, nanging roepané warna-warna. Ana sing toetoel, ana sing lorèk-lorèk koening oetawa biroe.

Nanging anèhé koeldi rolas maoe sikilé doedoe sikil koeldi sing nganggo tapel wesi. Sikilé sikil oewong, nganggo sepatoe poetih.

La koesiré keprijé? Koesiré lemoe banget, kak kong, tegesé sikilé tjendak banget, nganti sikil karo toengkak amor dadi sidji. Awaké saking lemoené nganti gindjoer-gindjoer kaja djenang djagoeng. Rainé abang kebak koekoel. Tjangkémé njoemik tjilik adjeg nggoe-joe. Jèn tjatoeran soewarané kaja koetjing loewé ndjaloek tjadong.

Angger botjah weroeh koesir maoe, wis mesti bandjoer seneng tepoeng. Sarta reboetan arep pada mèloe menjang désa Njamleng koewi. Ing gambar kar désa Njamleng ikoe ija ana, malah ditoelis nganggo aksara gedé toer tjeta.

Moelané kréta maoe ija kebak botjah, sabab akèh sing pada mèloe. Olèhé linggih pada soek-soekan kaja ditetel. Nganti mèh pada ora bisa ambegan, nanging ora ana sing sambat. Atiné pada boengah lan seneng, sabab bakal tekan désa Njamleng koewi.

mangka kana ora ana goeroe, ora ana sekolahan, ora ana boekoe. Anané moeng dolanan. Botjah-botjah maoe saka senengé atiné, nganti ora krasa loewé oetawa ngelak.

Bareng kréta wis mandeg, koesiré méngo karo mèmsem, tjalaŋoe marang Keploek:

— „È, goes, kowé apa gelem mèloe menjang désa Njamleng?”

— „Mesti mawon, pakdél!”

— „Nanging dakkandani ja, krétakoe wis kebak banget, wis ora ana panggonané!”

Keploek mangsoeli:

— „Gampang mawon! Jèn nglebet empoen boten ènten nggoné, koela trima ènten ing gontjèngan!”

Keploek teroes mloempat menjang gontjèngan, bandjoer linggih onggang-onggang.

Koesir noeli takon marang Kentoes:

— „La kowé, tjah bagoes, kowé keprijé? Mèloe apa kari ana kéné waé?”

Wangsoelané:

— „Koela kèri mawon, adjeng moelih! Koela adjeng sekolah, adjeng sregep kaja botjah lija-lijané nika, kok!”

— „Ja wis, ta, njangoni slamet!”

Keploek noeli adjak-adjak:

— „Hoes, Toes, nggoegoea akoe! Mèloea ta, mengko rak seneng!”

— „Emoh, emoh, emoh!”

Botjah akèh pada adjak-adjak saka ing djero kréta:

— „Ajo ta, mèloea, mengko dolanan karo akoe! Tjekaké seneng banget, ta wis!”

— „Jèn akoe mèloe, lah engko iboe peri keprijé?” Kentoes wis godjag-gadjeg pikirané.

— „Ah, wong gagasan kok kaja ngono! Bok kokpikir, kowé mengko tekan désa Njamleng bakal dolanan, bakal seneng-seneng sing tanpa watesan. Kepénak apa ora, kaja ngono koewi?”

Kentoes tanpa mangsoeli, moeng dèhèm-dèhèm waé. Ora soewé tjalaŋoe:

— „Ija wis ta, kono akoe ndjaloek panggonan satitik waé! Akoe takmèloel!”

Koesir lemoe mangsoeli:

— „Panggonané wis sesak! Nanging sarèhné akoe boengah banget kowé sida mèloe, kowé manggona ana ing koesiran kéné waé!

— „La sampéjan?”

— „Akoe mono mlakoe waé!”

„Boten, jèn ngoten. Koela loewoeng noenggang koeldiné salah sidji niki mawon.”

Kenṭoes teroes marani koeldi sing ngarep déwé sing sisih kiwa, arep ditjéngklak. Dèwèké doeroeng taoe noenggang koeldi, moelané bareng saiki olèh noenggang, atiné boengah banget, wis saja ora kèlingan ngomah. Nanging koeldi maoe minger karo ndoḍos wetengé Kenṭoes nganti keloemah kréngkangan; sikilé ana ing dwoer.

Mesti waé botjah-botjah pada nggoejoe kepingkel-pingkel. Nanging koesir lemoe maoe ora nggoejoe babar pisan. Koeldiné diparani, kaja arep dibisiki, nanging djeboelané koepingé koeldi ditjakot saparo.

Kenṭoes nepsoe banget. Tangi grégah, noeli mloempat tjlèger, noenggang gegeté koeldi. Botjah-botjah weroeh olèhé mloempat maoe pada goemoen, mari pada nggoejoe, pada ngalem alok-alok karo keplok-kepok:

— „Nah, bagoes Toes, bagoes!!”

Nanging doemadakan koeldiné njlentik. Kenṭoes kontal, ngantitiba mbalik-djoengkir ana ing toempoekan watoe.

Ger, botjah-botjah pada nggoejoe manèh. Koesir lemoe marani koeldiné manèh, dieloes-eloes noeli ditjakot koepingé sing sidjiné. Bandjoer tjalaṭoe marang Kenṭoes:

— „Wis, saiki noengganga, adja wedi! Koeldi iki pantjèn rada ndoegal, nanging wis takbisiki. Saiki wis mesti ora njlentik manèh.”

Kenṭoes noeli noenggang. Kréta wiwit mlakoe. Nanging nalika koeldiné pada mlajoe sarta krétané mlakoe, Kenṭoes roemangsané kroengoe soewara lamat-lamat ora pati tjeṭa. Oeniné mangkéné:

— „O, botjah boḍo, koemaki nggoegoe karepé déwé! Titènana, kowé mbésoek mesti kedoewoeng!”

Kenṭoes wedi banget kroengoe soewara maoe, ngingetaké ngiwa nengen, nanging ora ana apa-apa. Koeldi rolas rakit maoe mlajoe teroes, krétané goemlinding, botjah-botjah ing djero kréta pada

toeroe kabèh. Keploek ngorok kaja sapi dibelèh, koesiré lagi oera-
oera karo ngelisi:

„Botjah-botjah, daktembangké midjil,
Isik-isik imong,
Wis menenga wis toeroea kabèh,
Adja ana sing oesreg ngalisik,
Adja pada wedi,
Ditoenggoe bapakmoe.”

Bareng wis olèh satengah pal, Kentoes kroengoe soewara kaja
maoe manèh, oeniné:

— „Botjah boḍo! Élinga, botjah sing ora demen sinaoe, sing
ora demen boekoe, sing senengé moeng dolanan waé, koewé bé-
soek tjilaka Akoe wis ngrasakaké dèwé, moelané bisa
ngandani. Titènana waé, jèn wis tekan kala mangsané, kowé
mesti nangis kaja akoe saiki Nanging akoe iki wis ke-
bandjoer!”

Kroengoe soewara maoe Kentoes saja kagèt banget, doeroeng
taoe atiné deg-degan kaja nalika ikoe. Kentoes noeli moedoen,
koeldi sing ditoenggangi ditjekel endasé. Bareng ditamataké te-
menan, koeldi maoe djeboelané nangis kaja botjah. Kentoes tja-
latoe marang koesir lemoe semoe goemoen:

— „E, pak! Kok anèh temen! Koeldiné nangis!”

— „Ah, ija wis bèn waé nangis! Mengko rak ija meneng dèwé!”

— „Boten, kok bisa tjalaṭoe kaja oewong nikoe napa samang
adjari, ta?”

— „Ora, nanging wis taoe koempoel karo asoe pangadjaram
nganti 3 taoen, dadi ndjoer bisa nirokaké tjatoerané manoengsa
sitik-sitik!”

— „O, kok ija mesakaké temen!”

— „Wis ta wis, wis adja kakéhan réka! Wong koeldi nangis
waé kok dirèwès! Mengko moendak kesoewèn ana ing dalan!
Wis noengganga manèh, moepoeng iki rada kepénak hawané! Isih
adok, ajo énggal-énggal!”

Kentoes ora mangsoeli noeli njèngklak manèh. Krétané mlakoe
teroes. Bareng wajah ésoek tekan désa Njamleng.

Désa Njamleng koewi sadjagat ora ana loro. Sing ana kono
moeng botjah-botjah tok. Sing toewa dèwé kira-kira oemoer 14

taoen, sing tjilik dèwé oemoeré doeroeng ana 8 taoen. Kabèh pađa seneng-seneng, pađa dolanan pating brengok, soewarané nganti mbrebegi koeping. Olèhé dolanan pađa kloempoekan. Ana sing djirak, ana sing obrog, oembak bèdji, séroeбан, béngkat. Ana manèh sing lagi noenggang pit glindingan teloe. Rada adoh satitik ana sing loendjak-loendjak dadi bađoet nganggo topèng; tjeđaké kono ana sing tjara wajah wong. Ana manèh sing mlakoe babak djoengkir. Sagolongan manèh ana sing baris-barisan nganggo tamboer, đerèđek-derèđek. Ana sing bengok-bengok, ana sing keplok-keplok, ana sing soerak-soerak. Tjekaké raméné ora karoewan.

Bango-bango akèh banget. Ana dremolem, sing nglakokaké botjah kabèh. Sing noenggang kebak-kebak. Ing gedèg-gedèg lan pager-pager pađa ditoelisi, oeniné: „Sing pađa seneng-seneng!” „Kéné ora ana boekoel!” „Akoe ora arep sekolah!” „Kéné ora ana goeroe!” lan sapanoenggalané.

Bareng Kentoes, Keploek lan kantja-kantjané maoe tekan kono, teroes mèloe nggroeboeg waé. Ora soewé wis tepoeng karo botjah-botjah lijané, noeli mèloe dolanan. Atiné pađa boengah banget.

Kentoes ndina-dina moeng dolanan tok. Awit saka boengahé nganti ora krasa barang-barang, roemangsané sadina ikoe moeng sadéla banget. Sawisé olèh sadina, bandjoer rong dina, teloeng dina, seminggoe; noeli sasasi, rong sasi, ora krasa, kaja moeng saketjapan waé. Kala-kala dèwèké sok kepetoek si Keploek. Kentoes bandjoer tjalaťoe:


— „Wah, bener kowé, Ploek, pantjèn pénak tenan désa Njam-leng ikil!”

Keploek mangsoeli:

— „Ta, ngandel ora, kowé saiki! Andèkna ora, kowé maoené bot-boten, koedoe arep moelih menjang nggoné boe peri waé! Bijèn kowé moeng ndekoekoel ngapalaké waé, saiki, hara prijé?

Saiki rak ora soesah ngapalké, ora soesah sekolah! Adja ana akoe, mangsa ngonol! Adja kowé koewi kantjakoe, mangsa takkanđanana, ora!”

— „Bener kowé tenan, Ploek! Ija, adja ana kowé, akoe mangsa tekana kéné! Eh, mangka bijèn koewi, pak goeroe jèn ngelok-olok kowé ora djamak-djamak! Kanđané njang akoe: „Kowé adja koem-



Désa Njamelang.

poelan karo si Keploek. Dèwèké ikoe botjah ala, gawéné ngodjok-odjoki sing ora betjik!"

Keploek mangsoeli karo gèdèg-gèdèg:

— „Eh, wong pak goeroe! Akoe ija ngreti jèn awaké ikoe sengit banget karo akoe, gawéné akoe ditjatoer ala. Nanging atikoe betjik banget, dadi ija wis bèn takapoera dosané!"

— „Ija, Ploek, pantjèn betjik temenan atimoe koewil!"

Kenṭoes bandjoer ngrangkoel Keploek, nandakaké trima kasihé.

Samana Kenṭoes anggoné ana ing désa Njamleng wis olèh 5 sasi. Dina-dina tansah dolanan lan boengah-boengah, ora taoe kepeṭoek boekoe oetawa sekolahan. Nanging noedjoe sawidjining dina, dèwèké tangi ésoek-ésoek menangi lelakon sing ora ndadèkaké senengé atiné

XXXII. KENṬOES DADI KOELDI.

Taktjritani, ja tjahl! Bareng ésoek-ésoek Kenṭoes tangi, kaja adaté wong tangi toeroe bandjoer koekoer-koekoer goenḍoelé. Nanging kotjapa, bareng goenḍoelé dikoekoer, krasa

Mara, badénen, krasa apa?

Krasa koepingé moendak dawa, nganti satjengkang.

Mangka kowé kabèh ija pada weroeh, maoené koepingé Kenṭoes ikoe tjilik banget, malah nganti ora katon. Gèk bandjoer dadi sakilan!

Kenṭoes noeli grégah tangi golèk katja dianggo ngilo. Nanging ora ana bandjoer golèk pantji, diisèni banjoe. Bareng ngilo kagèt banget, doeroeng taoe ana lelakon sing kaja mangkonol! Goenḍoelé katon ana koepingé loro, toer koeping koeldil

Kenṭoes atiné djoeḍeg banget kanṭi isin. Saking bingoeng nganti nangis nggelolo, sarta goenḍoelé ditatap-tatapaké témbok. Nanging malah saja moendak bingoeng, koepingé saja moendak dawa, ṭoekoel ramboeté.

Tanggané, ija ikoe marmot, sing panggonané ana ing lotèng ing doewoer kamaré Kenṭoes, kroengoe olèhé tangisan maoe, bandjoer marani. Takon semoe goegoep:

— „Ana apa, ana apa, kok bengak-bengok!"

— „Akoe lara, Marmot! Akoe wedi banget! Kowé bisa nitik larakoe?"

— „Ija siṭik-siṭik ngretil!”

— „Tjoba titiken.”

Marmot ngangkat sikilé ngarep sing tengen. Tangané Kentoes di demok, noeli tjalaṭoe:

— „Ē, kodjoer kowé iki

— „Apa, apa?”

— „Kowé koewi lara sawan!”

— „Sawan apa?”

— „Iki sawan koeldi.”

— „Lo, doeroeng taoe kroengoe akoel!”

— „Ngono koewi, takkandani! Kowé mengko rong djam, oetawa 3 djam engkas wis mari dadi golèk oetawa dadi botjah, nanging...”

— „Nanging kaprijé?”

— „Dadi koeldi temenan, toenggalé sing sok dikon nggèrèd grobag oetawa dimainaké ana koemiḍi harmston kaé!”

— „Tobiiiiil, tobil! Gèk priyé akoe iki, nèèèh!”

Kentoes olèhé nangis saja seroe karo koepingé di gèrèdi kaja arep didjebol-djebola, anggepé kaja doedoe koepingé dèwé.

Marmot welas, karepé arep ngejem-jemi atiné Kentoes:

— „Ah, wis ta wis, iki wis dadi papestènmoe. Kowé ora bisa ngowahi barang-barang, sabab wis dadi oedjaré lajang-lajang: botjah kesèd sing sengit karo boekoe-boekoe lan ngemohi piwoelang, sarta pilih dolanan lan seneng-seneng waé, ikoe ing tembé ora woeroeng dadi koeldi.”

Kentoes takon karo membeg-membeg:

— „Apa ija temenan ta koewi?”

— „Ija, pantjèn tenan. Moela kowé nangis ikoe wis tanpa goena. Maoe-maoené kok ora gagasan!”

— „La wong doedoe loepoetkoe! Iki sing marahi si Keploek!”

— „Sapa ta, Keploek koewi?”

— „Anoe, kantjakoe. Pantjèna akoe wis arep moelih, arep mba-tjoetaké olèhkoe sinaoe, arep mepeng, djeboel si Keploek djaréné: — „Apa kowé arep sinaoe? Kok dadi ndadak sekolah barang? Loewih betjik kowé mèloe akoe menjang dèsa Njamleng, kana ora ana boekoe, ora ana sekolahan. Sing ana moeng botjah-botjah pada seneng-seneng dolanan sakatogé!”

— „Wong botjah kaja ngono kok kokgoegoel!”

— „La pijé ta, wong akoe iki golèk, ora doewé oetek satitik-

titika. Oepama akoe iki doewé oetek, rak ija boe peri ora taktinggal minggat ngéné. Mangka boe peri koewi atiné betjik banget, tresnané kaja iboekoe dèwé! Djoet akoe wis mèh mari dadi golèk, wis arep dadi botjah tenan! Ija, titènana, angger akoe mengko kepe-toek si Keploek, tak!"

Ken-toes arep metoe, nanging kèlingan koepingé. Sarèhné awaké isin jèn roepané sing kaja mangkono ikoe keweroehan oewong, moelané bandjoer mara badénen, ndjoepoek apa? Ken-toes ndjoepoek kopjah sajid, dianggo nganti mbleseg, nganti koepingé ketoetoepan tekan iroengé pisan.

Dèwèké noeli metoe. Keploek digolèki menjang ngendi-endi. Digolèki menjang panggonan wajang wong, menjang panggonan dremolem, nganti majeng-majeng, ora ketemoe. Sapa-sapa sing kepe-toek ditakoni, nanging ora ana sing weroeh.

Sawisé ikoe, noeli omahé diparani, mbokmanawa Keploek isih ana ngomah. Ken-toes dodo-dodo. Keploek takon saka djero:

— „Sapa iki?"

— „Akoel!"

— „O, mengko disik, entènana, takngani lawang."

Bareng wis satengah djam lawangé lagi menga. Ken-toes weroeh Keploek kagèt banget, sabab dèwèké ija nganggo kopjah nganti mbleseg noetoepi koepingé.

Ken-toes mbatin:

— „Wé la, apa Keploek iki ija lara kaja akoe, ngono? Apa ija lara sawan koeldi?"

Nanging dèwèké api-api ora weroeh, sarta takon karo mèmsem:

— „Apa kabaré, Ploek?"

— „Betjik waé, adjeg!"

— „Tenan nèh?"

— „Apa akoe kokarani goroh?"

— „Lo ora ngono, moeng kok nganggo kopjah nganti noetoepi koeping koewi ana ngapa?"

— „Iki sing akon dokter, sabab dengkoelkoe lara. Balik kowé kok ija nganggo kopjah koewi ana apa?"

— „Iki sing akon ija dokter, djalaran sikilkoe woedoenen."

— „O, mesakaké temen, Toes!"

— „O, Ploek!"

Sawisé ikoe pada meneng bareng, moeng kari inget-ingetan

waé karo pringas-pringis.

Wekasané Kentoes ndisiki takon ngasih-asih:

— „Ora, Ploek, blakané waé, apa kowé wis taoe doewé lara koeping?”

— „Doeroeng taoe, la kowé?”

— „Ija doeroeng taoe, nanging wiwit ésoek maoe koepingkoe sing sidji iki kok krasa lara!”

— „Akoe ija.”



Bareng tekan „teloe”, kopjahé pađa ditjopot.

— „Lo, kowé ija? Sing tengen apa sing kiwa?”

— „Loro pisan, la kowé?”

— „Ja loro pisan. Apa ija pađa ngono larané?”

— „Ajaké.”

— „Bok anoe, Ploek!”

— „Anoe apa?”

— „Anoe, akoe kepéngin weroeh koepingmoe.”

— „La ija ta! Nanging akoe ndeleng doewèkmoe òisik, Toes!”

— „Ora, kowé òisik!”

— „Emoh, kowé òisik, ndjoet akoe, rak ngonol!”

— „Wis ngono waél Rèhné pađa kantja, saiki djandjian waél”

— „Apa djandjèné?”

— „Ajo pađa njopot kopjah bareng. Gelem ora?”

— „Ija, roedjoek.”

— „Wis ja!”

Kentoës ngétoengi:

— „Sidji, loro, teloe!”

Bareng tekan: „teloe!” kopjahé pađa ditjopot.

Nah, ing kono ana lelakon sing anèh banget oepama ora kela-kon temenan, mesti kowé pađa ora ngandell

Bareng Kentoës karo Keploek pađa weroeh doewé koeping koeldi, ora malah sedih oetawa soesah atiné, nanging malah pađa diobah-obahaké koepingé karo djogédan nggoejoe tjekakakan ora ana oewis-oewisé.

Si Keploek nganti katog olèhé nggoejoe, nanging bandjoer nggloejoeri sarta oelaté poetjet, sambat-sambat:

— „Toeloeng, Toes, toeloeng!”

— „Apa, kena ngapa?”

— „Akoe ora bisa ngadeg djedjeg!”

— „Akoe ija ora bisa!” Kentoës nangis membeg-membeg sarta oega noeli nggloejoeri.

Ora let soewé botjah loro maoe pađa ambroek, noeli mlakoe brangkangan ana ing djero ngomah kono. Sikilé pađa malih dadi sikil koeldi, rainé modot, tjangkémé dadi tjongor, sarta gigitiré toekoel woeloené klawoe nganggo toetoel-toetoel ireng.

Nanging sing saja ngagètaké banget ikoe, bareng pađa doewé boentoet! Botjah loro pađa isin banget sarta soesah atiné. Saking djoedégé noeli pađa nangis nggelolo.

Nanging saja kodjoer!

Ing nalika ikoe ana wong dōdog-dōdog lawang, sarta tjeloek-tjeloek saka ing djaba:

— „Éééé, dingaké lawangé! Akoe sing ngoesiri kréta bijèn kaé, sing ngadjak kowé mréné! Ajo, dingakké, ndjoek lawang, mengkol

XXXIII. KOELDI KENTŌES DIEDOL MENJANG PANGGEĐÉ KOEMIDI.

Djeboelané ora pađa bisa ngengakaké lawang. Koesir lemoe sing ana ing djaba maoe ora sranta, lawangé noeli didjedjak, ambrol. Bareng wis mleboe bandjoer tjalaŋoe karo nggoejae kaja adaté:

— „Èh, èh, èh, botjah bagoes-bagoes tenan! Wah, pinter mbengah, nganti kroengoe saka kadohan. Nanging akoe ora pangling karo soewaramoe, tjah! Moelané akoe bandjoer mréné.”

Koeldi lo o maoe meneng waé, moeng pađa ndingkloek, koe-pingé kèplèl-kèplèh mangisor, boentoeté ngawet.

Koesir lemoe ngpoek-epoek karo ngeloes-eloes, noeli ndjoepoek kerok, koeldi loro pisan dikerok nganti aloes gilap.

Sawisé noeli dikaloengi dađoeng, bandjoer ditoentoen menjang pasar, arep diedol.

Bareng tekan pasar dadi reboetan, akèh sing ngarepi. Keploek ditoekoe wong tani; wong maoe djaré koeldiné mati! Kentŋoes di-toekoe panggedé koemidi harmston, arep diadjaré kaja kéwan lijané, arep dianggo tontonan.

Mara botjah-botjah, kowé apa wis pađa ngreti panggaotané koesir lemoe maoe. Koesir sing mblekeneg, sing rainé kaja mentas dientoeb tawon goela, koewi gawéné menjang ngendi-endi karo krétané. Sadalan-dalan ngrimoeki botjah-botjah sing keséd, sing ora dèmen sekolah, diitjoek-itjoeki karo diiming-imingi gelema mè-loe dèwèké. Jèn krétané wis kebak botjah, noeli digawa menjang désa Njamleng, diekon seneng-seneng dolanan ndina-ndina ana ing kono. Nanging wekasané botjah-botjah maoe mesti pađa dadi koeldi kabèh. Jèn wis dadi koeldi, bandjoer diedol menjang pasar oetawa menjang stélingan. Olèh-olèhané doewit mesti baé akèh, moelané koesir lemoe maoe ija brèwoe.

Bebandjoerané lelakoné si Keploek akoe ora weroeh. Moeng si Kentŋoes wiwit dina ikoe oeripé rekasa banget.

Awit bandjoer digawa menjang koemidèn, di lebokaké ing gedogan, wađahé pakan isiné dami. Kentŋoes lagi ngitjipi satitik waé, wis dioetahaké manèh.

Loerahé weroeh Kentŋoes ora gelem mangan pakané, kedoemelan. Noeli disalini pakan rèndèng. Nanging Kentŋoes ija ora dojan.

Loerahé saja nesoe:

— „Lo, ndoegal ki, ora dojan rëndèng barang. Rasakna waé, angger kowé oegal-oegalan wijahèn kaja ngonol!”

Noeli njandak petjoet, Kentoes dipetjoeti, tjetèr-tjetèr! kena poe-poené. Krasa lara banget. Kentoes nangis nggelolo sabab atiné sedih, tjalatoené karo mbengah:

— „Ngjaaaaaah, ngjaaaaaah akoe ora dojan dami!”

Loerahé koewi ija ngreti basané koeldi, noeli mangsoeli:

— „La rëndèngé waé badogen!”



Kentoes ditoekoe panggedé koemiði Harmston

— „Ngjaaaaaah, ngjaaaaaah jèn mangan rëndèng wetengkoé moeles!”

Loerahé saja nesoe:

— „Apa nèk ora dojan rëndèng kokira bandjoer takwènèhi ing-koeng pitik, hè?”

Kentoes noeli dipetjoeti manèh nganti meneng ora moeni barang-barang.

Sawisé meneng panggedé koemiði maoe noeli metoe, gedogané dikantjing. Kentoes kari idjèn. Sarèhné wis pirang-pirang djam ora kambon pangan, wetengé loewé banget tansah klakeban waé. Sing ana moeng dami karo rëndèng, ora ana lijané manèh. Saking selak ora betah ngrasakaké loewéné, dami maoe dimamah-mamah

saka satitik, saben wis lemboet pamamahé noeli dioeloe karo merem, legender!

— „É, kok ija lotoeng dami iki, kena dienggo gadjoel! Èh, oepama dèk anoe kaé akoe ndjoet moelih, ndjoet sekolah, ora kaja ngéné! Nèk mangan mesti mangan sega poelen karo dèndèng agé ana ngomah, nganggo petjel, iwak lélé barang. Eh, barang wis kebandjoer!”

Èsoeké tangi toeroe Kentoes golèk dami, wis entèk kabèh, sabab wis dipangan dèk soréné. Kentoes noeli ngosak-asik olèh rèndèng, dipangan. Mesti waé rèndèng ikoe rasané sédjé banget tinimbang karo sega liwetan sing isih kemeboel, gèk lawoehé botok teri kaé!

Kentoes tjalatoe karo nggajemi:

— „Ah, ija wis kebandjoer djenengé, arep apa manèh! Moega-moega lelakonkoe iki dadija piwoelang marang botjah-botjah sing ora pada gelem sekolah Ija selot-seloté!”

Ing nalika ikoe loerahé teka, kroengoe temboengé Kentoes sing poengkasana:

— „Selot-seloté apa? Apa kokkira, kowé ana kéné iki moeng arep mangan lan toeroe waé? Kowé taktoekoe koewi marga arep takmegawèkaké, arep takanggo golèk doewit! Ajo, metoe, menjang kana! Takadjari mloempat-mloempat, karo adéjan, djogédan! Adja moeng ngorok waé!”

Kentoes kepeksa adjar mloempat-mloempat lan lija-lijané maoe. Teloeng sasi lagi bisa, nanging ija nganggo dipetjoeti tanpa kendat. Soewé-soewé wis tekan mangsané Kentoes arep dianggo tontonan ana ing koemiði maoe. Panggedéné koemiði harmston wis njebar wara-wara, ana sing di templèk-templèkaké ing témbok-témbok oetawa ing wit-witan pinggir dalan gedé.

Bareng wis soré ing koemiðèn maoe kebak wong nonton. Kartjisé nganti entèk, ora ana panggonan sing sela. Sing klas doewoer kebak, klas endèk saja djedjel oejel-oejelan. Sapa teka kèri ora bisa mleboe.

Sing pada nonton ikoe sing akèh botjah-botjah, lanang wadon, gedé tjilik. Kabèh kepéngin pada arep weroeh olèhé ndjogèd koeldi sing djenengé Kentoes.

Tontonané nganggo poetjoekan. Sawisé boebar poetjoekan noeli toewan panggedé koemiði metoe. Panganggoné sarwa ireng.

Awas!**Awas!****KOEMIDI HARMSTON!****MENGKO SORÉ**

bakal ana tontonan sing ngéram-éramaké.
Sing pada main wis misoewoer kabèh.

BADOETÉ AKÈH
KÉWANÉ AKÈH

bakal dipamèri sing doeroeng taoe di-
wetokaké, ija ikoe

**KOELDI KENTOES****WIS MISOEWOER SADJAGAT KARAN:*****DJEMPOLANING******DJOGÈD***

klambiné ireng, dasiné ireng, sepatoené ireng, moeng kaṭoké sè-
rèd poetih, Bareng tekan tengah, noeli mendak, bandjoer tjalaṭoe:

— „Koela noewoen, para prijantoen, para bendara, para bèi,
bagoes-bagoes, ṭolé-ṭolé, para dènmas-dènmas! Ing samangké sa-
rèhné koela pinoedjoe wonten ing ngriki, inggih poenika ing na-
gari ingkang misoewoer ramé toewin redjanipoen poenika, koela
badé mamèraken datang para prijantoen sadaja, satoenggiling ké-
wan élok anèh, inggih poenika koeldi koela nama Kentoes. Ka-
woeningana, koeldi poenika sampoen naté ndjadjah pradja milang
désa, sampoen naté sowan para nata ing tanah Europa, Ngatjèh,
Tjina, toewin ngarsanipoen radja Poea-poea, ngatingalaken ka-
sagedan saha kadibjanipoen. Saben-saben tamtoe angsal pa-
ngalembana toewin mendali.

Boten langkoeng koela matoer gangsal èwoe sembah noewoen, déné para prijantoen sadaja sampoen karsa andjenengi tetinggalan poenika, toer ingkang rawoeh boten sakedik. Doeh para prijantoen, moegi-moegi kaparenga anjepakaken pangapoenten mangké jèn wonten lepat koela toewin jèn wonten klèntoenipoen Kentoes!"

Bareng wis rampoeng tjalaŋtoené maoe, sing nonton pada keplok-keplok karo njoeraki. Olèhé pada ngeploké saja ramé bareng koeldiné di wetokaké. Koeldiné didandani sarwa anjar, nganggo èbèg-èbègan, nganggo kaloeng klinting, endasé didokoki boeloe-boeloe, apoesé boentoet diblebed soetra. Tjekaké roepané betjik banget.

Pangedéné koemiŋi noeli tjalaŋtoe manèh:

— „Para prijantoen, para minoelja, boten badé koela atoeraken sadaja rekaos koela anggèn koela ngadjari koeldi poenika. Koeldi poenika asalipoen saking tanah Mesir, pasabanipoen ing saganten pasir. Njatanipoen, soewawi mirsanana mripatipoen, roepinipoen abrit! Watakipoen boten poeroen dipoen rèh. Mila nalika koela adjari poenika, kepeksa koela erih-erih, koela eloès-eloès mawi petjoet. Nanging éwah watakipoen waoe boten, malah saja ndadra. Namoeng sareng koela priksakaken dateng tabib Sjech Asemchetjoet, ngandikanipoen, ing nglebet oetak koeldi poenika wonten woedenipoen, inggih poenika tandanipoen gadah watak remen ndjogèd. Mila inggih ladjeng koela adjari ndjogèd, namoeng kanggé nglantih roemijin koela poerih ngloempati klowong oetawi tong.

Tjobi, prijantoen, soewawi koela atoeri mirsani sarta jèn wonten tjatjadipoen koela atoeri natjad.

Para prijantoen, sadèrèngipoen tetinggalan koeldi poenika dipoen wiwiti, koela kaparenga ngatoeri oeninga, béndjing éndjing sijang oegi badé dipoen wontenaken tetinggalan. Jèn djawah inggih kapaksa boten saèstoe, dipoen lèrègaken dateng béndjing éndjing sonten. Béndjing éndjing wiwitipoen djam 10 sijang."

Sawisé mangkono toewan maoe bandjoer mantoeŋ, noeli tjalaŋtoe marang Kentoes:

— „Alon, Toes! Sadoeroengé kowé wiwit ngétokaké kapinteranmoe, mbagèkna sing pada mirsani iki disik!"

Kentoes noeroet, noeli ndjoengkel meneng waé. Bareng wis olèh sawatara, toewan préntah:

— „Mlakoe!”

Ken^{toes} ndjenggèlèk, teroes mlakoe moebeng. Olèh 5 oebengan, toewan aba:

— „Njongklang!”

Ken^{toes} plajoené saja rikat.

— „Mbandang!”

Ken^{toes} plajoené saja rikat.

— „Njander!”

Ken^{toes} saja mbalap.

Bareng dèwèké lagi mlajoe mangkono, toewan panggedé ndjoe-poek pistoel, teroes dioenèkaké, òr!

Ken^{toes} ambroek, api-api kena pistoel maoe, kaja mati tenan. Wong-wong sing pada nonton pada keplok soerak ambata roe-boeh. Olèh sawatara Ken^{toes} grégah-grégah arep tangi. Doemadakan weroeh ing klas sidji ana poetri ajoe banget, nganggo kaloeng ana gambaré golèk. Ken^{toes} ora pangling, jèn wong ajoe maoe poetri peri, bandjoer alok:

— „Lo koewi gambarkoe! Wong wadon kaé mesti boe peril!”

Atiné Ken^{toes} boengah banget. Saking boengahé bandjoer tje-loek-tje-loek:

— „Boe peri, boe peri!”

Nanging ora bisa moeni mangkono. Moeng bengah-bengah kaja koeldi baé. Wong-wong sing nonton pada nggoejoe kepingkel-pingkel. Botjah-botjah pada soerak-soerak.

Panggedé koemidi nesoe. Ken^{toes} di^{toet}oek iroengé nganggo bongkot petjoet, soepaja mari olèhé oegal-oegalan mbengah ana ngarepé wong akèh.

Ken^{toes} krasa lara iroengé didilati nganti ana 5 menit, karepé bèn ilang larané.

Bareng méngo manèh nggolèki poetri peri maoe, wis ora ana! Atiné sedih, kaja arep ambroek-ambroeka. Ken^{toes} nangis, eloehé dléwéran. Nanging ora ana sing weroeh, saja panggedé koemidi maoe, babar pisan ora ngrèwès.

Panggedé koemidi préntah manèh:

— „Ajo, Toes! Saiki kowé koedoe mamèraké nggonmoe baoet mloempat.”

Ba^{doet}é salah sidji manengah, nggotjèki boewengan wesi. Ken^{toes} antjang-antjang arep ngloempati, nganti kaping teloe, ora da-

di². Angger wis tjedak karo boewengané, ora wani, moeng mbloedoes ngisoré waé. Bareng sing kaping paté, Kentoes antjang-antjang, mloempat, tjègleg, sikilé ketjanjol boewengan wesi maoe, bandjoer tiba, gebroeg! Kentoes ngatang-atang.

Bareng ngadeg, lakoené Kentoes dingklang, nganti baliné menjang gedogan ndadak nganggo digèrèd.

Botjah-botjah sing nonton pada welas weroeh Kentoes kaja mangkono maoe, pada bengok-bengok:

— „Ajo, Kentoes, arep ndeleng Kentoes! Kentoes endi?”

Nanging Kentoes soré maoe wis ora diwetokaké manèh.

Ésoeké dipriksa dokter kéwan. Panemoené dokter, pintjangé ora bisa mari.

Moela panggedé koemiði noeli tjalaŕoe marang botjah sing gawéné ngresiki gedogan:

— „Lé, koeldi iki wis ora ana goenané. Jèn takingoe tiwas gawé roegi waé! Wis, gawanen menjang pasar, dolen sapajoe-pajoené!”

— „Inggihi sendika, toewan.”

Kentoes noeli ditoentoen menjang pasar. Ana ing kono ora soewé bandjoer ana wong sing arep toekoe, takon:

— „Lé, koeldimoe pintjang koewé kokedol pira?”

— „Sadasa roepijah, noen!”

— „Eh, doewit 10 roepijah koewi rak akèh! Akoe arep moeng sroepijah. Koeldi wis dingklang sikilé baé, mangsa anaa goenané! Kang tak méliki rak moeng loelangé, loelangé kandel, arep dak-enggo njalini beŕoegkoe sing ana ing langgar, mentas beŕah. Awèh apa ora sroepijah?”

— „Enggihi ta empoen, mirah-mirahan!” Mara, botjah-botjah, roengokna! Kentoes arep dikelèti, koelitè arep dianggo mangkis beŕoeg! Rasané atiné ora karoewan!

Sawisé regané dibajar, Kentoes bandjoer ditoentoen digawa menjang pinggir sagara. Goeloené dibandoeli watoe gedé, karo sikilé sing boeri ditalèni daŕoeng, noeli didjorogaké! Kentoes ketjemploeng ing sagara, djegoer!

Sarèhné dibandoeli watoe, Kentoes teroes kelem mangisor. Wong sing arep gawé beŕoeg linggihi ana ing karang, nggoedjengi daŕoeng karo oedoed, ngiras ngentèni matiné koeldi. Jèn wis mati arep dikelèti pisan.

XXXIV. KENTŲOES DADI GOLÈK MANÈH.

Bareng wis sawatara soewéné, wong toewa maoe tjalaŲoe, nanging moeng ing batin baé:

— „Kirakoe koeldikoe iki wis mati. Tjoba daktariké, bandjoer dakkelètané pisan.”

Đađoengé ditarik moenggah, ler, ler, ler! Bareng saja moenggah, weroeh mara bađénen, tjah! apa sing katon? doedoe koeldi, nanging golèk, krontjalan kaja weloet kena kepantjing.

Weroeh golèk kajoe maoe roemangsané wong toewa koewi kaja ngimpi. Saking goemoené nganti ora obah, ngadeg ndjedjer, tjangkemé mlongo, matané menteleng.

Bareng wis rada sarèh, noeli tjalaŲoe, nanging ija isih kamiso-solen:

— „Koel koeldikoe ana ngendi, sing taktjem ploengké sagara maoe?”

Kentoes mangsoeli karo nggoejoe:

— „Koeldiné ija akoe iki!”

— „Kowé?”

— „Ija, akoe!”

— „Hoes, adja sembrana, ta, wong toewa kok dienggo dolan!”

— „Lo, akoe ora sembrana! Akoe ora goroh temenan!”

— „Jèn ngono, la priyé, wong sing taktjegoerké ing banjoe maoe koeldi, saiki kok dadi golèk?”

— „Sing marahi banjoe sagara koewi asin, dadiné”

— „Lo, lo, adja omong, ta! Mengko jèn akoe anjel”

— „Ora, pakdél Takkanđani temené, naging dađoengé iki oetjoelana đisik, dadi ora ngribedi olèhkoe tjatoeran.”

Saka kepénginé arep kroengoe tjaritané Kentoes, wong toewa maoe noeli ngoetjoeli dađoeng. Bareng Kentoes wis oetjoel, bandjoer tjalaŲoe:

— „Takkanđani, ja pak! Akoe iki maoené golèk kajoe, ija kaja saiki iki roepakoe. Akoe wis mèh dadi botjah, kaja botjah loemrah kaé. Nanging rèhné akoe kesèd, ora mleboe sekolah, sing dakenoet moeng oedjaré kantja-kantjakoe, akoe bandjoer loenga minggat Tjekaké noedjoe sawidjiné dina, bareng akoe tangi

toeroe, akoe dadi koeldi, nganggo koeping koeldi, nganggo boen-toet koeldi barang! Wah, isinkoe wis ora karoewan! Moega-moega kowé adja nganti kisinin kaja akoe, pakdè! Akoe ndjoet diedol menjang pasar, ditoekoe panggedé koemiði harmston; diadjari mloempat² barang. Bareng anoe, noedjoe sawidjining dina, akoe lagi main, tiba saka ndoewoer. Sikilkoe pintjang. Panggedé koemiði ndjoer ora gelem ngingoe akoe, akoe diedol menjang pasar; koktoekoe!"

— „Ija, ija, daktoekoe sroepijah! Lah, saiki keprijé, sapa sing arep mbalèkaké doewitkoe?"

— „Mestiné ija ora ana, kok dadi kowé bonggan? Akoe koktoekoe ikoe sing kokpoerih rak koelitkoe ta, arep kokanggo be-doeg?"

— „Ija pantjèné! Lah saiki priyé hara, lèhkoe golèk loelang menjang ngendi?"

— „Wis ta pakdè adja soesah! Rak ija akèh ta, koeldi lijané?"

— „Ora, tjritamoe koewi wis rampoeng, apa doeroeng?"

Kentoës mangsoeli:

— „Doeroeng, kari satitik ndjoet rampoeng. Bareng akoe wis koktoekoe, ndjoet kokgawa mréné, karepmoe arep kokpatèni, arep koktoeweg waé. Nanging kowé welas, dadi ora sida. Akoe bandjoer kokbandoeli watoe, koktjemploengaké sagara, karepmoe patikoe bèn sampoerna. Kaja mangkono maoe sabab kirakoe atimoe betjik toer lantip. Akoe banget trima kasih. Nanging kowé ora njana, jèn boe poetri peri bandjoer noeloengi."

— „Poetri peri sapa?"

— „Poetri peri koewi iboekoe. Dèwèké ikoe tresna banget menjang akoe, akoe tansah dioelat-oelataké waé; jèn katjilakan bandjoer ditoeloengi, sanadjan akoe iki botjah moersal banget. Pantjèna akoe iki ora wadjib ditoeloengi waé saka nakalkoe iki! Ija koewi, bareng akoe wis mèh keblebeg, boe peri noeli oetoesan iwak pirang-pirang ngrojok akoe. Dikira akoe iki mati, akoe dikrikiti. Wah, jèn mangan djeboelané iwak koewi ngoengkoeli botjah. Ana sing ngoental koepingkoe, ana sing njaplok tjongorkoe, ana manèh sing ndèdèli koelitkoe, wekasané ana wader sing njaplok boen-toetkoe."

Bareng Kentoës tjalaŕoe mangkono, wong toewa maoe moeni karo kirig-kirig:

— „Hiiiii, wiwit dina iki akoe ora bakal mangan iwak. Mengko jèn noedjoe mangan badèr ing djeroné ana boentoeté koeldi, rak tjilaka!”

Kenṭoes mangsoeli karo nggoejoe:

— „Akoe ija mangkono! Ija koewi kotjapa, bareng olèhé ngrikiti iwak-iwak maoe loelangkoe wis goesis kabèh, ndjoet arep wiwit ngrikiti baloengkoe, eh, beneré kajoe, wong baloengkoe iki sing digawé kajoe.

Nanging bareng wiwit digaèl-gaèl, djeboelané ora sida, malah moetah-moetah, djalaran ora taoe mangan kajoe. Moela bandjoer pada loenga, bjoer, malah ora nganggo moeni: trima kasih barang! Nah, ikoe sababé anggonkoe saiki dadi golèk manèh.”

Wong toewa maoe malah bandjoer nesoe, tjalaṭoené:

— „Oeh, ija, ija, ija, kodjahmoe sakrandjang gambir ikoe akoe ija ngandel, nanging ora pratjaja. Wosing oewos, akoe wis metokaké doewit sroepijah sing dakanggo toekoe kowé. Saiki dakdjaloe bali! Tjekaké kowé arep takedol, takétoeng boboté kajoe! Kowé rak ija pajoe jèn diedol kaja kajoe obong waé!”

Kenṭoes tjalaṭoe:

— „È, lah ija ta, dolen! Akoe manoet baé!”

Nanging anggoné tjalaṭoe mangkono ikoe Kenṭoes karo mentjolot, ambjoer ing tengah sagara. Kenṭoes noeli nglangi karo tjikrak-tjikrak. Olèhé nglangi saja soewé saja adoh saka gisik. Noeli bengok-bengok karo méngo:

— „Wis ja, pakdé! Jèn kowé isih boetoe loelang koeldi, nggolèkana akoe!”

Kenṭoes teroes nglangi. Olèh sawatara noeli méngo manèh karo oendang-oendang:

— „Karia slamet, pakdé! Jèn kowé boetoe arep dodol kajoe, nggolèkana akoe!”

Ora antara soewé Kenṭoes wis mèh ora katon. Sing katon moeng goendaelé ireng, gedéné sagloegoet. Kala-kala katon sikilé tjekokalan. Olèhé nglangi mentjolot-mentjolot kaja iwak sepat ana ing bloembang jèn noedjoe mentas ana oedan.

Kenṭoes anggoné nglangi ora ana sing diparani, moeng sapan-parané. Doemadakan weroeh ana karang ing tengah sagara, roepané poetih mentoer kaja marmer. Ing saḍoewoeré karang maoe ana weḍoesé, embak-embèk kaja ngoendang-oendang Kenṭoes soe-

paja agé-agé tekaa ing karang maoe. Nanging ana anèhé, ramboeté weðoes ikoe ora kaja ramboet weðoes loemrah: ireng aloes kaja ramboeté poetri peri. Kenṭoes bareng weroeh roepané weðoes maoe rada deg-degan saka boengahé atiné. Pangirané wis mesthi poetri peri sing dadi weðoes ikoe. Moelané anggoné nglangi ija saja diepeng. Bareng mèh tekan, koerang saṭiṭik, doemadakan ana ireng-ireng ndjenggowah, mentjoengoel saka sagara, ija ikoe iwak lodan sing gedéné ora karoewan kaé. Oentoené teloeng larik, toer dawa-dawa pating tjringih. Tjangkemé mangap-mangap. Iwak lodan maoe, ija iwak sing gawé girisé wong-wong sarta kéwan-kéwan ing pinggir sagara kono.

Bareng weroeh iwak lodan maoe, atiné Kenṭoes miris banget. Olèhé nglangi ménggak-menggok arep njingkiri tjangkem iwak. Nanging iwaké saja tjedak, toer olèhé noetoeti Kenṭoes rikaté kaja lakoené panah.

Weðoes ing karang maoe tjeloek-tjeloek:

— „Gelis, Ṭoes, gelis, gelis!”

Kenṭoes olèhé nglangi saja sengkoet, tangan sikil lan awaké obah kabèh.

— „Rikat, Ṭoes, rikat, iwaké wis tjedak!”


Kenṭoes ngetog karosané.

— „É, ngati-ati, Ṭoes, iwaké selak njaplok! La, la, kaé, kaé
Rikat, rikat, wé, la, ditjaplok kowé mengko!

Kenṭoes saja rikat banget olèhé nglangi nganti kaja mimis metoe saka ing beḍil. Kenṭoes wis tjedak banget karo karang, weðoes mangloeng ngetoengaké sikilé ngarep, kaja arep noeloengi.

Nanging haeb! Iwak lodan mangap, Kenṭoes diserot kaja wong ngoental endog; Kenṭoes teroes bablas ambles mleboe tjangkemé iwak lodan. Saking rikaté, ana ing djero ketatap-tatap, Kenṭoes nganti kelenger ora éling ana $\frac{1}{4}$ djam.

Bareng wis éling, Kenṭoes ora ngreti ana ngendi. Kiwa tengen kabèh peteng, toer petengé ndoemoek iroeng, roemangsané nganti kaja ketjemploeng ana ing tong isi mangsi. Ing kono sepi njenjet ora ana soewarané barang-barang. Moeng kala-kala Kenṭoes krasa ana angin nampeg rainé. Maoené dèwèké ora ngreti saka ngendi asalé angin maoe. Nanging soewé-soewé weroeh jèn angin maoe saka ing keboek. Sabab iwak lodan maoe doewé lara watoek mengi dadi jèn ambegan nganti kaja angin prahara.



„Rikat, Toes, rikat, iwaké wis tjejak!”

Sakawit atiné Kentoes diwanèk-wanèkaké. Nanging saja soewé saja roemangsa jèn dèwèké koewi saiki ana ing sadjeroné wa-
doeké iwak lodan; atiné saja sedih, Kentoes bandjoer nangis ngge-
lolo, karo toeloeng-toeloeng:

— „Toeloeng, toeloeeoeoeoeng! Kok ija ora ana sing noeloengi akoe, iki keprijé?”

Doemadakan ana soewara glereg-glereg kaja soewarané der-
ménan kakéhan banjoe:

— „Sing arep noeloengi kowé sapa?”

Kroengoe soewara maoe Kentoes ndjenggir, kagèt banget, awaké nganti anjep kabèh. Noeli takon:

— „Sapa koewi?”

— „Akoe, iwak djambal, kaja kowé, ditjaplok iwak lodan. La, kowé koewi iwak apa?”

— „Hoes, akoe doedoe iwak! Akoe golèkl!”

— „É, doedoe iwak. Kok kowé gelem ditjaplok.”

— „Wong ora ditari. Oedjoeg-oedjoeg ndjoet ditjaplok waé; akoe ora bisa polah. Ora, la iki ndjoer keprijé ana ing petengan kaja ngéné iki?”

— „Ija wis ngentèni waé, nganti adjoer.”

Kentoes mangsoeli karo nangis:

— „Akoe emoh jèn diedjoer!”

— „Lo, akoe iki ija ora gelem. Nanging akoe sabangsakoe ikoe wis koelina nrima, sakèhing lelakon disangga kalawan kapénak. Oetawa toemrap bangsakoe mati ana ing banjoe ikoe dianggep loewih sampurna tinimbang karo mati ana ing wadjan.”

— „Oeh, ngèlmoené wong kepaoeng, ikoe.”

— „Lo, koewi pijandel. Mangka toemrapé bangsakoe iwak djambal, pijandel ikoe ora kena disapèlèkaké oetawa disoelajani.”

— „Ora tjekaké akoe arep mbraḍat saka kéné.”

— „Ija wis ta, mbraḍata jèn bisa!”

— „Apa iwak lodan iki gedé banget, ta?”

— „Wo, kowé ora bisa ngira-ira. Awaké tok waé dawané wis sapa. Koewi doeroeng petité.”

Lagi paḍa goeneman mangkono, doemadakan Kentoes weroeh ing kadohan ana kelip-kelip.

— „Paḍang-paḍang kaé apa lo?”

— „Kaé rak ija kantja pađa baé karo akoe lan kowé, malah kaé wis mèh dileboer, njatané wis ana dijané.”

— „Tjoba daktilikané! Bokmanawa koewi iwak toewa, bisa toedoh dalan marang akoe, soepaja bisa metoe saka kéné.”

— „Ija ta, akoe mèloe ndongakaké waé, golèk!”

— „Wis ja, djambal.”

— „Ija, slamet ja!”

— „Ketemoe manèh soek kapan?”

— „Emboeh, sapa sing weroeh wis, adja soesah ko-arep-arep ketemoe manèh.”

XXXV. KENTŲOES KEPETŲOEK KARO MARA WATJANEN!

Sawisé pamitan karo iwak djambal, KentŲoes teroes mlakoe karo grajah-grajah ana ing djero awaké iwak lodan maoe, marani menjang panggonan sing ana pađang-pađangé koewi.

Karo mlakoe KentŲoes krasa sikilé tansah midak djemèk-djemèk kaja banjoe gadjih, sarta banjoe maoe mamboe iwak blarongan.

Saja tjedak, dijané saja tjeta. KentŲoes teroes waé olèhé mlakoe. Bareng tjedak weroeh mara, apa, tjah, sing katon? Kowé mangsa bisaa mbađe, ora! moelané daktoetoeri baé Ing kono sing katon bangkoe tjilik; ana dijané lilin dipasang ing gen-
doel. Sangarepé bangkoe maoe ana wong linggih dingsklik, wongé wis toewa, wis woengkoek, ramboeté poetihemplak kaja kapoek: tjanoen-tjanoen mangan iwak tjilik-tjilik. Sadjaké iwak sing dipa-
ngani koewi isih oerip, njatané kala-kala ana sing mentjolot metoe saka tjangkemé.

Bareng KentŲoes weroeh wong toewa maoe, atiné kagèt, nanging kagèté karo boengah sing ora ana pandingané kaé. Mèh waé, kaja botjah ora waras. Arep tjalaťoe, ora kawetoe, arep nangis, ora bisa! Bisané moeng njoewara grojok ora tjeta. Wekasan tangané bandjoer ndaplang ngrangkoel wong toewa maoe karo mbengok:

— „O, pak, paaaak, saiki ketemoe kowé! Saiki wis ora arep plisah akoe karo kowé, ora arep pisahtenaaaaan!”

Wong toewa maoe ngoetjek-oetjek mripaté, kaja-kaja ora ngandel marang pandelengé, noeli tjalaťoe:

— „Apa tenan ta iki? Kowé anakkoe, anakkoe tenan, Kentoes!”

— „Ija, ija pak, akoe, akoe Kentoes, pak! Akoe rak wis kok apoera, ta pak! O, paaak, kowé koewi tresnamoe kok ora djamak! Jèn takpikir nanging O, oepama kowé weroeha akoe kodjoer banget, pak! Ja koewi bareng klambimoe wis kokedol, ndjoet akoe malah kokwèhi boekoe tja-



„O, pak, paak, saiki ketemoe kowé!”

rakan kaé, akoe ndjoet minggat. Bareng anoe akoe ditjekel ðalang golèk, arep disoegokaké ing geni dienggo mbakar saté, ija koewi sing ngewèhi akoe ðoewit limang roepijah diekon mènèhaké kowé. Nanging akoe ndjoet diapoesi asoe adjag karo koetjing, diadjak menjang koplakan. Asoené karo koetjingé koewi olèhé mangan katik ora karoewan. Bareng bengi akoe ditinggal, akoe noesoel. Ana ing dalan akoe dirampog bégal, akoe digantoeng. Boe peri ndjoet akon ngoetjoeli akoe. Bareng akoe dipriksa ðokter, oeniné:

— „Jèn ora oerip, botjah iki ija wis mati.” Akoe géroh, ndjoet iroengkoe moendak dawa nganti ora bisa metoe saka ngomah. Ba-

reng anoe doewité 5 roepijah takpendem karo asoe adjag lan koe-tjing. Akoe digegoejoe bètèt èh, ora dik, doewité kari 4 roepijah. Nanging doewité ora ana. Bareng takgoegat, djaréné djaksa, akoe salah, ndjoer dioekoem. Metoe saka ngoekoeman, akoe arep golèk téla gantoeng, kari-kari sikilkoe kena pasangan. Akoe ditalèni pak tani, kon toenggoe kandang pitik. Bareng weroeh nèk akoe botjah betjik ndjoet ditjoelaké. Akoe kepeñoek oela, oelané nggoejoe nganti mati. Akoe bali menjang panggonané boe peri, weroeh kidjing. Akoe nangis, darané marani. Tjalañoené dara: — „Akoe weroeh bapakmoe lagi gawé praoel!” Akoe moeni: — „Eh, oepama akoe doewé soewiwi bisa maboer.” — „Kowé apa arep ketemoe bapakmoe?” kana ngono. Ndjoet akoe mangsoeli: — „Sapa sing nggawa akoe?” Dara moeni: — „Takgéndong ta.” Bareng anoe akoe noenggang dara, maboer sawengi moepoet. Ésoeké wong golèk iwak kaé paða ndeleng menjang sagara, tjalañoené menjang akoe: — „Kaé ana wong toewa mèh klelep.” Akoe ora pangling kowé, pak, akoe krasa, kowé takawé-awé, takekon minggir

Bapakné njelani:

— „Akoe ija weroeh kowé, pantjèn ija kepéngin minggir, nanging ora bisa. Wong aloené gedé-gedé. Praoekoe kèrem. Ora soewé ana iwak lodan, sing gawéné saba kono. Bareng weroeh akoe, akoe ditjaplok, kaja njaplok ento-ento waé.”

Kentoes takon:

— „Pira lawasé ana kéné, pak?”

— „Kira-kira ana 2 taoen, nanging roemangsakoe 200 windoel!”

— „La kok kowé isih oerip? Olèhmoe éntoek lilin iki saka ngen-di? Kok ija doewé rèk barang, sing mènèhi sapa?”

— „Takkanðani ja, kowé. Dèk ana prahara kaé, ora moeng praoekoe waé sing kèrem, ana praoe dagang gedé, ija kèrem. Mantroesé kabèh paða ketoeloengan, nanging praoené ndjoet ditjaplok iwak lodan iki. Sadjaké nalika samana loewé banget, njatané praoe gedé maoe dioental sapisan kleboe

— „Wé, toblas, sapisan waé?”

— „Ija, haeb, sapisan praoené kleboe kabèh, moeng ti-jangé waé diidokaké metoe, nanging ketjantol oentoe dadi slilid. Ja koewi begdjakoe, praoené maoe momot iwak asinan, roti beskoewit, tèh, kopi, goela, beras, anggoer, katjang, lilin karo rèk

pirang-pirang pak. Ja koewi paringé Goesti Allah, akoe nganti bisa oerip ana kéné, wis 2 taoen lawasé. Nanging saiki kabèh maoe wis pada entèk, wis ora ana barang-barang, lliné ija moeng kari sing daksoeled iki

— „Lah mengko ndjoer keprijé?”

— „Ja wis ndjoer kari petengan waé.”

— „O, pak, adja nganti kesoewèn, ajo pada loenga, metoe saka kéné!

— „Metoe? Menjang ngendi? Keprijé?”

— „Ija metoe saka tjangkemé iwak lodan iki, ndjoer nglangi

— „O, Allah, nggèr, adja moeng remboeg waé. La ija kowé bisa nglangi, akoe, kaprije?”

— „Koewi ora dadi apa, pak! Kowé takgèndong, akoe sing baeot nglangi, mengko rak ija tekan gisikan.”

Pak Domblé gèdèg-gèdèg, semoe maido:

— „Ija moeng gagasan waé, mangsa kalakona, ora! Ngendi ana, golèk ora ana sadèpa doewoeré, arep bisa nglangi, toer karo nggèndong, akoel!”

— „È, pak, mara tjobanen, mengko rak tenan! Èwadéné, jèn pantjèn kodraté koedoe mati, la ija wis, nanging rak ana petingané, ija ikoe akoe lan kowé mati bareng!”

Kenṭoes tanpa tjalaṭoe barang-barang manèh, noeli lliné di-djoepoek, mlakoe ḍisik karo maḍangi. Tjalaṭoené marang bapakné:

— „Ajo, kowé anaa ing boerikoe, pak! Adja wedil!”

Wong loro maoe noeli pada loemakoe oeroet-oeroetan, metoe ing oesoésé iwak lodan, teroes metoe waḍoeké. Bareng wis tekan ing gorokan sing ambané salawang gapoera kaé, pada manḍeg, karo ngingetaké ngiwa nengen lan ngiras mikir-mikir kepénaké anggoné pada arep metoe.

Wroehanamoe, tjah, iwak lodan maoe wis toewa banget lan doewé lara watoek, sarta doewé lara maras. Dadi jèn toeroe tjangkemé mesti menga. Moela bareng Kenṭoes wis tekan panggonan gorokan, ngingetaké djaba weroeh langité paḍang soemilak, lintangé pating krelip, ḍasar noedjoe paḍang boelan, bandjoer bisik-bisik:

— „Pak, iki kebeneran banget. Iwaké lodan lagi toeroe kepati. Sangarané ora ana aloené. Ajo, pak, noeroeta akoe waé, mengko rak bisa tekan djabal!”

Kenṭoes karo bapakné noeli paḍa ngliwati gorokan, bandjoer tekan tjangkem, teroes mlakoe djindjit-djindjit ngambah ilat. Ilaté iwak lodan maoe amba dawa nganti kaja dalan gedé. Kenṭoes wis mèh arep mentjolut njemploeng menjang sagara, doemadakan iwaké wahing, gebrès, gebrès! Kenṭoes karo bapakné koloe manèh, glodag, bali kleboe menjang waḍoek. Tjoloké mati, wong loro maoe ana ing petengan manèh.

Kenṭoes rada samar atiné:

— „Wé, lah, keprijé iki?”

— „Wis, Ṭoes, wis, adja kakéhan réka, sing pasrah baél!”

— „Lo, adja ngono, pak! Tjoba ajo, daktoentoen manèh, alon-alon waé, adja nganti keplèsètl!”

— „Arep menjang ngendi iki?”

— „Tjoba, ditjoba manèh. Wis ta, pak, adja soemelang.”

Bapakné noeli ditoentoen alon-alon, nganti tekan panggonan gorokan. Boebar gorokan noeli ngliwati liḍah manèh, bandjoer mènèk ing oentoené iwak sing teloeng larik ikoe. Sadoeroengé ambjoer, Kenṭoes, tjalaṭoe marang bapakné:

— „Kéné, pak, dakgéndong, gotjèkana goeloekoe sing kentjeng. Mengko rak gampang, tjekaké!”

Bareng Pak Domblé wis digéndong sarta wis kentjeng olèhé goedjengan, Kenṭoes nggebjoe ing sagara.

Sagarané kimplah-kimplah ora ana ombaké. Remboelané mantjorong, ḍasar poernama. Iwak lodan maoe olèhé toeroe kepati, oepama dimrijema doeroeng mestī tangi.

XXXVI. KENṬOES DADI BOTJAH.

Kenṭoes olèhé nglangi sarosané. Bapakné digéndong ana ing geger, sikilé loro pisan kakoem ing banjoe. Nanging Kenṭoes ija krasa jèn bapakné maoe ngoplok wél-wélan.

Anggoné ngoplok ikoe djalaran kaḍemen apa djalaran wedi? Kira-kira ija sabab loro-loroné. Nanging panjanané Kenṭoes marga saka wedi. Moelané noeli tjalaṭoe:

— „Adja soemelang, pak, sadéla engkas rak wis tekan pasisir.”

— „Pasisiré endi, ta Ṭoes?” Olèhé takon pak Domblé maoe karo ngintjang-intjeng kaja toekang mendjait jèn arep njoeroepaké dom kaé. — „Akoe ndeleng ngiwa nengen, anané moeng banjoe karo langit waé!”

— „Nanging akoe weroeh pasisiré, pak! Wong akoe koewi awas banget, saja jèn bengi ngéné iki, pandelengkoe ngoengkoehi koetjing.”

Satemené Kentoes ikoe moeng api-api waé, ing batin ija rada djoedeg. Karosané saja soeda, ambekané saja ngangsoer diagak ora bakal bisa tekan pasisir, sabab pasisiré isih adoh.

Kentoes nglangi teroes, nganti pedot napasé. Noeli méngo ndeleng bapakné karo tjalaŕoe megap-megap:

— „Pak, toeloeng pak mati!”

Kentoes karo pak Domblé wis mèh keblebeg. Doemadakan ana soewara glereg-glereg kaja oeniné dolanan oŕog-oŕog, tjalaŕoené:

— „Sapa sing arep mati iki?”

— „Akoe karo bapak!”

— „Lo, kaja wis taoe weroeh lo, kok Kentoes!”

— „Ija, akoe, Kentoes lah kowé sapa?”

— „Akoe iwak djambal, kantjamoe ana ing djero waŕoeké lodan bijèn kaé.”

— „Kok wis tekan kéné?”

— „Akoe ngetoetaké kowé. Kowé sing noedohaké dalan akoe. Moelané bisa metoe!”

— „Anoe, djambal, bok akoe wong loro iki kok toeloengi! Welasan! Jèn ora koktoeloengi, wis mesti mati!”

— „Ija, ija, ija, mesti taktoeloengi! Wis kéné, goedjengana peŕitkoe kéné, tak gèrèt. Sadéla waé rak tekan pasisir.”

Pak Domblé karo Kentoes énggal-énggal goedjengan peŕité iwak djambal. Nanging gagasané tinimbang ana ing peŕit waé, loewih kepénak noenggang gegeré djambal pisan.

Kentoes takon: — „Apa iki ora kaboten, ta?”

— „Ora, kaboten apa, wong moeng saméné waé!”

Pantjèn mèmper oepama iwak djambal ikoe koewat nggéndong wong loro maoe, sabab gedéné sabelo, toer delengé djentot.

Bareng wis tekan pasisir, Kentoes mloempat disik, noeli noeloengi bapakné. Kentoes bandjoer tjalaŕoe marang iwak djambal:

— „Djambal, kowé wis noeloengi bapak karo akoe. Akoe nganti ora bisa ngandakaké trima kasihkoe. Nganti mbésoek pitoelangan-moe ikoe bakal dakéling-éling waé.”

Anggoné tjalaŕoe mangkono maoe iwaké djambal karo diepoek-eпоek. Iwak maoe krasa atiné. Matané bandjoer mbrebes milih sa-

bab doeroeng taoe olèh trima kasih kaja nalika ikoe. Nanging semoené isin jèn anggoné nangis nganti konangan Kentoes moela-né teroes loenga klépat angsloep ing djeron banjo.

Samana wis ésoek.

Pak Domblé kaja-kaja ora koewat mlakoe. Kentoes tjalaŕoe:

— „Wis, pak, ajo dakdjagani lèndèjana akoe waé. Ajo mlakoe, ajo! Ora soesah rikat-rikat, nggremet kaja semoet waé rak oewis! Mengko jèn sajah, ja mandeg ngono, lèrèn ana pinggir dalan.”

Pak Domblé takon:

— „Iki arep menjang ngendi, ta? Toes?”

— „Golèk omah ngono, sing kena di djaloek-djaloeki sega se-pintjoek, karo diéjoebi.”

Kentoes karo bapakné noeli mlakoe. Doeroeng ana satoes petjak weroeh ing pinggir dalan ana wong ngemis loro. Ija ikoe si asoe adjag karo koetjing, nanging roepané wis manglingi banget, wis akèh malihé. Koetjingé sing dèk bijèn gawéné merem api-api pitjak, saiki kadoeroesan pitjak tenan. Asoené adjag saiki wis katon toejoek-toejoek, goedigen toer belang-belang. Boentoeté wis ora ana. Dèk bijèn, dèk isih dadi bégal ija soegih, nanging saiki wis mlarat banget. Saking mlaraté, nganti koloe ngedol boentoeté, diedol menjang toekang joekoer dianggo keboet.

Bareng asoe adjag weroeh Kentoes, bandjoer tjalaŕoe ngasih-asih:

— „Toes, tjah bagoes, mbok akoe kok-welasi, kok-wèhi pangan, akoe saiki mlarat banget.”

Koetjing njamboengi:

„Mlarat banget.”

Kentoes méngo karo mangsoeli:

— „Makloémé baé wong kowé gawémoe apoes-atoes! Akoe bijèn wis kokapoesi, saiki mangsa doewéa welas akoe marang kowé.”

— „Tenan, Toes, saiki akoe mlarat tenan!”

Koetjing njamboengi.

— „Tenan!”

— „Jèn kowé saiki pada sangsara, ikoe wis patoet waé! Bener oenèn-oenèn: Dènga apoes nemoe apes! Wis ja!”

— „Bok kokwelasi Toes!”

— „Welasi

Kenṭoes mangsoeli manèh:

— „Ora arep melasi wong ala, akoe! Maling baé mangsa moe-loesa, ora!”

— „Adja koktinggal, Toes!”

Koetjing: — „Adja koktinggall

— „Wis ja, andoem slamet! Moeng wekaskoe adja lali marang karepé oenèn-oenèn: Sapa sing demen ndèdèli bakal kadédélan.”

Sawisé tjalaṭoe mangkono, Kenṭoes karo bapakné noeli mlakoe manèh alon-alonan. Bareng wis olèh satoes petjak manèh, weroeh ana omah gedèg nganggo pajon gendèng, ana ing pinggir dalan.

Kenṭoes kanḍa.

— „Pak, omah kaé mesti dienggoni ngoewong. Jo, ndodog kana, jo!”

Bareng tekan omah maoe noeli dodog-dodog. Ana soewara saka ing djero, njapa:

— „Sapa koewi?”

Wangsoelané Kenṭoes:

— „Koela tijang kasangsara kalijan bapak koela. Koela boten gadah arta, boten gadah grija.”

— „Sogoken saka djaba waé, lawangé rak menga déwél!”

Kenṭoes ngengakaké lawang, kaja welingé swara maoe, paḍa mleboe. Bareng wis ana ing djero, ngingetaké ngiwa nengen, ora ana oewongé.

Kenṭoes ngoedarasa karo goemoen:

— „Sing doewé omah iki ana ngendi?”

— „Akoe ana ing doewoer!”

Kenṭoes karo bapakné ndengèngèk mandoewoer, weroeh ana djangkrik ana ing saka, Kenṭoes noeli tjalaṭoe:

— „Lo, djeboelané wong toewakoe, Ki Toetoer!”

— „Ija, ija, ija, saiki kowé ngakoe wong toewa akoe. Bijèn akoe kokgoesah, kokpaṭak nganggo gandèn nganti pèndèng.”

— „Ija, Ki, akoe isih kélingan Ja wis, saiki akoe toendoengen waé oetawa keproeken nganggo gandèn nanging welasana bapakkoe ikil.....”

— „Akoe welas, ija marang bapakné ija menjang anaké. Moeng waé akoe arep ngélingaké kowé. Wong dèk bijèn kowé koewi

ndoeagal banget. Saiki éling-élingen: wong koewi, jèn ora gelem dialani adja sok ngalani."

— „Bener, ki, bener. Woelangmoe iki bakal takéling-éling nganti tekan bésboek. Nanging kowé saiki kok doewé omah betjik temen, iki?"

— „Iki olèhkoe éntoek saka weḍoes, sing ramboeté ireng moeloes, betjik kaé!"

Kenṭoes kagèt, noeli takon manèh:

— „Saiki wedoesé ana ngendi?"

— „Emboeh, ja, akoe ora weroehl!"

— „Baliné mréné kapan?"

— „Wis ora bali manèh. Wengi weḍoesé nangis karo embak-embèk, gadjegé moeni: — „O, Toes, mesakaké temen saiki akoe wis ora bakal ketemoe manèh wis mesthi dipangan iwak lodan"

— „Tenan, ki, kanḍa ngono tenan? O, weḍoesé kaé wis mesthi boe peri mangsa oraal!"

Kenṭoes tjalaṭoené peḍot-peḍot, karo nangis mingseg-mingseg.

Sawisé sawatara, loehé noeli dioesapi, bandjoer nata damèn dienggo toeroe pak Domblé. Bareng wis rampoeng, takon marang ki Toetoer:

— „Ora, ki, apa akoe bisa golèk presan sagelas waé, dienggo ngombèni bapak iki. Jèn diombèni presan, bapak iki rak ndjoet waras."

— „Bisa waé, Toes! Kana galo, teloeng boelak engkas ana wong désa, djenengé pak Karta, gawéné nandoer soeroeh. Ikoe doewé sapi presan. Ndjaloeke mrana, mengko rak olèh!"

Kenṭoes mangkat. Bareng tekan ngomahé pak Karta, noeli nemboeng ndjaloeke presan sagelas.

Pak Karta mangsoeli, takon:

— „Kowé ndjaloeke presan sepira?"

— „Sagelas mawon!"

— „Presan sagelas regané 5 sèn. Kéné doewitmoe 5 sèn."

Kenṭoes mangsoeli karo mringis isin:

— „Koela boten gadah, sabribil mawon boten mbekta."

— „Ja wis, jèn kowé ora doewé doewit ija ora dakwèhi presan satètès-tètèsa."

— „Wé lah pripoen?" Kenṭoes wis arep loenga.

Pak Karta tjalaŋoe manèh:

— „Mengko diŋsik, tal Ngono waé, kowé gelem, takekon ngoebengaké gilingan timba.”

— „Napa nikoe, gilingan timba nikoe!”

— „Koewi gilingan sing dianggo nimba banjoe soemoer. Jèn wis, banjoené ndjoer takenggo ajirami soeroeh.”

— „Enggih tjobi mawon.”

— „Jèn kowé olèh satoes èmbèr, takopahi presan sapi sagelas.”

— „Enggih empoen.”

Kenŋoes noeli diadjak menjang soemoer, ditoedoehaké anggoné ngoebengaké gilingan maoe.

Kenŋoes bandjoer toemandang. Nanging doeroeng olèh 100 èmbèr, kringeté wis deléwéran, awaké sakodjoer kringeten kabèh. Doeroeng taoe dèwèkè njamboet gawé kaja mangkono.

Pak Karta tjalaŋoe:

— „Maoené sing takekon ngoebengaké gilingan iki koeldikoe. Nanging saiki koeldikoe lagi lara, arep mati ajaké!”

— „Tjobi, koela pareng ningali koeldiné.”

— „Ajo, tal!”

Kenŋoes mleboe ing gedogan; weroeh ana koeldi lagi toeron ana ing damèn. Koeldi maoe wis ora doewé kekoeatan djalaram loewé; panggawéjané abot. Bareng dideleng temenan, Kenŋoes kagèt, batiné.

— „Lo, kaja akoe wis taoe weroeh koeldi iki? Rainé akoe ora pangling.”

Kenŋoes ndingkloek karo tjalaŋoe nganggo basané koeldi:

— „Kowé koewi sapa, ta?”

Bareng ditakoni mangkono, koeldiné melèk plorak-plorok karo mangsoeli peŋat-peŋot:

— „Akoe Keploek.”

Koeldi merem manèh, teroes mati.

— „Ploek Keploek! O, mesakaké temen!”

Kenŋoes nangis, srikoetan ngoesapi loehé.

Pak Karta kagèt weroeh Kenŋoes nangis maoe:

— „Koeldi mati waé kok koktangisi, toer doedoe doewèkmoe. Kowé ora ngetokaké doewit. Oepama kowé mbajara mana gèk keprijé?”

— „Koela atoeri, pak Koeldi niki tilas kantja koela.”

— „Kantjamoe?”

— „Enggih, tilas kantja koela sekolah.”

Karta nggoejoe ngakak: — „La dalah, doewé kantja kok koeldi, saiba mampengé olèhé pada sinaoe!”

Kenṭoes meneng waé. Noeli ndjoepoek gelas sing wis diisèni presan digawa moelih.

Kenṭoes saben ésoek isih oemoen-oemoen wis tangi, teroes me-njang omahé Pak Karta ngoebengaké gilingan banjoe. Saben dina olèh presan sagelas dianggo ndjamoni bapakné, sabab larané ba-pakné lara toewa.

Nanging ora moeng mangkono waé. Saka siṭik Kenṭoes sinaoe nganam tépas, wakoel, tjeting, klasa sapanoenggalané, nganti bisa. Olèh-olèhané diedol. Papajoné loṭoeng. Doewit maoe noeli di-toekokaké boetoeh saben dina, toerahané dianggo toekoe san-dangan. Kenṭoes ngotak-atik gawé grobag soeroengan tjilik. Sa-bab bapakné saiki jèn mlakoe wis rekasa. Jèn pinoedjoe hawané kepénak, bapakné ditoenggangaké grobag, diadjak dolan oeroet sawah oetawa oeroet tegalan, preloené golèk hawa sing resik.

Jèn bengi Kenṭoes sinaoe matja karo noelis. Dèwèké mentas toekoe boekoe ana ing désa ora adoh saka kono. Regané moeng 5 sèn, boekoené wis rontang-ranting tanpa samak. Éwadéné tan-sah diwatja baé. Jèn arep noelis, wong ora doewé pèn mangsèn, sing dianggo noelis kalam. Mangsiné peresan woh gendolak.

Bareng Kenṭoes mampeng kaja mangkono, ora moeng bisa nge-pénakaké oeripé bapakné waé, nanging saiki malah bisa njèlèngi. Tjèlèngané wis rong roepijah. Karepé arep dianggo toekoe iket, djas karo djarik.

Noedjoe sawidjining dina Kenṭoes tjalaṭoe marang bapakné:

— „Pak, akoe takmenjang pasar, ja pak, arep toekoe iket, toe-koe djas, karo toekoe djarik. Mengko jèn moelih kowé mesti pang-ling, pak!” Kenṭoes tjalaṭoe mangkono ikoe karo nggoejoe.

Bapakné awèh. Kenṭoes boengah banget, noeli mangkat, mlakoe rerikatan. Doemadakan ana ing dalan kroengoe ditjeloeke saka ing boeri, bareng méngo, weroeh ana kéjong djoemedoel saka pager.

Kéjong takon: „Kowé pangling karo akoe Toes!”

— „Ija, ora

— „Kowé ora kélingan? Akoe iki sing toenggoe lawang dalemé

poetri peri kaél Bijèn kaé ta, akoe ndjoet midoen, malah sikilmoe kedjepit lawang kaél"

Kentoes kèlingan énggal mangsoeli karo takon:

— „Ija, ija, akoe kèlingan Ora, la saiki boe peri ana ngendi? Saiki lagi apa? Akoe apa diapoera? apa ija isih ngrasani akoe? Apa omahé adoh saiki? Apa akoe kena tilik?"

Pitakoné Kentoes sing warna-warna maoe diwangsoeli sarèh:

— „Kentoes, saikiné poetri peri ana ing roemah sakit."

— „Ana roemah sakit?"

— „Ija. Poetri peri mentas kesangsaran, saiki gerah santer, malah wis ora kagoengan doewit kanggo"

— „Tenan apa kandamoe [koewi? Wé la, mesakaké temen! Oepama akoe doewé doewit sampiljoen, takwè-nèhaké kabèh Nanging akoe moeng doewé 2 roepijah la iki, gilol! Iki arep takenggo toekoe iket karo klambi pantjèné. Wis ta, kéjong, doewit iki gawanen waé, mbokmanawa boe peri boetoeh!"

— „La, olèhmoe arep toekoe klambi barang kepriyé?"

— „Ah, ija wis bèn waé? Malah oepama sing takenggo iki pajoe dakedol, takedol pisan, preloené dienggo tambah Wis ta, kéjong, mangkata saiki Soek embèn balija, akoe rak wis doewé doewit manèh. Tekan saiki akoe adjeg njamboet gawé, dakenggo ngopèni bapak. Maoené akoe njamboet gawé moeng tekan djam 6 soré, saki arep dakloewihi, soepaja bisa ngoe-roeni boe peri. Wis, kéjong, andoem slamet. Soek embèn taken-tèni ana kéné."

Kéjong mangkat. Lakoéné ora kaja adaté, saiki rikat, nganti kaja kaðal jèn kodanan.

Bareng Kentoes tekan ngomah, bapakné takon:

— „Klambiné endi, Toes?"

— „Anoe, pak, ora ana sing sedengan, moelané akoe ora sida toekoe. Bésoek waé golèk lijané."

Soréné Kentoes olèhé njamboet gawé ora kaja sabené, nganti tengah wengi isih mepeng, olèh-olèhané ija akèh.

Sawisé rampoeng. Kentoes noeli toeroe.

Bareng wajah bangoen dèwèké ngimpi. Ana ing pangimpèn roe-mangsané ketemoe karo poetri peri. Roepané ngoengkoeli adat

saben. Poetri peri maoe ana kanané tjalaŋoe karo mèssem, tangané ngeloès-eloes goendoele Kentoes:

— „Lé, Kentoes, kowé saiki dadi botjah bagoes temenan! Moe-lané sapira kaloepoetanmoe dakapoera. Botjah sing tresna marang wong toewané, sing noeloengi bapa bijoengé jèn noedjoe kesoesahan oetawa noedjoe lara, ikoe wadjib dialem sarta diwènèhi gandjaran. Sanadjan kowé, Kentoes, sok nggoegoe karepmoe dèwé, nanging ija patoet diwènèhi gandjaran. Welingkoe marang kowé, ing tembé kowé sing ngati-ati, samoebarang kang arep koklakoni koedoe nganggo dipikir sing dawa disik! Jèn welingkoe iki kokenoet, kowé mesti bakal bisa seneng oeripmoel”

Tekan samono impènè, Kentoes noeli nglilir, bandjoer melèk.

Kagèt banget, sabab wis mari dadi golèk kajoel! Wis dadi botjah, kaja loemrahé botjah anaké wong-wong kaé. Ngingetaké ngiwa nengen karo plenggang-plenggong. Omahé sing maoené gedèk wis roesak, saiki malih dadi gebjog tjèt-tjètan anjar. Patoe-roné dadi kančil nganggo kasoer lan klamboe. Ing djero kamar kono isiné: lemari waŋah sandangan, katja gedè, bangkoe lan lija-lijané. Kabèh sarwa anjar, toer wis ditata betjik.

Bareng Kentoes moedoen saka kančil, wis ditjepaki selop se-pasang isih anjar kabèh. Kentoes mboekak lemari sandangan isiné bentet sandangan anjar-anjar.

Kentoes noeli dandan, nganggo saroeng baŋik kawoeng. Bareng nganggo djas, kantongané digogohi, nemoe òmpèt ana lajangé, oeniné:

— „Poeetri peri mbalèkaké oetangé 2 roepijah marang Kentoes sarta paring trima kasih.”

Bareng òmpèt maoe diboekak, isiné doedoe roepijah selaka, nanging roepijah emas!

Kentoes noeli menjang ngarep katja, arep ngilo. Bareng nde-leng katja pangling awaké dèwé. Saiki wis mari dadi golèk, nanging dadi botjah lentjir koening, bagoes, mripaté resik djlalat-djlalat. Kentoes boengahé atiné ora karoeuan, nganti roe-mangsa kaja ana ing impèn.

Doemadakan tjalaŋoe: — „Lo, lah bapak ana ngendi saiki?”

Kentoes noeli metoe saka kamaré, weroeh bapakné ija wis ma-lih. Katon enom manèh, katon rosa, sarta seneng kaja dèk bijèn. Pagawéjané ija isih pagawéjan lawas, ija ikoe dadi toekang kajoe.

Pak Domblé lagi gawé lemari katja nganggo oekir-oekiran ngremit.

Kenṭoes marani bapakné, dirangkoel: — „Pak, pak, kok kabèh malih iki sababé keprijé, ta? Akoe kok ora ngreti?”

Pak Domblé mangsoeli karo ngeloès-eloès goenḍoelé anaké:

— „Malihé samoebarang iki marga saka kowé, nggèr!”

— „Lo, kok akoe dadi sabab keprijé?”

— „Ngono, ja lé! Botjah, sing maoené nḍoegal, nanging bandjoer dadi botjah betjik, koewi sakabèhing kaanan sing ana ngomahé ija bandjoer malih! Kaja kowé koewi!”

— „La, golèk kajoe, sing djenengé Kenṭoes, saiki ana ngendi?”

— „La kaé, ana kana kaé!”

Pak Domblé karo noedingi golèk kajoe sing soeméndé ing koersi. Golèké ngloemprom.

Kenṭoes weroeh golèk maoe, noeli mbatin:

— „È', bijèn akoe iki dadi golèk toer nḍoegal. Saiki wis dadi botjah temenan! Wah, boengah, akoe!”



Stockton, Calif.

PRINTED IN U.S.A.

RLG EXCLUDE

PAGE NOT AVAILABLE